ӘБДИҚАДИР ҚАЙЫПОВ

# ШҮКИРЛИК

(Қосықлар, ертеклер, тымсаллар)

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2015

www.ziyouz.com kutubxonasi

UDK: 821.512.121-1

BBK: Қар 5
Қ-24

**Әбдиқадир Қайыпов**
**«Шүкирлик»** (Қосықлар) -
Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы.
2015. 80 бет.

Ә. Қайыповтың шығармаларының тематикасы жүдә бай. Қарапайым мийнет адамлары, аўыл турмысы, гөззал жаслық, ышқы-муҳаббат сезимлери менен суўғарылған қосықлары оқыўшы қәлбине қозғаў салады, сондай-ақЎ оның қосықларында юморға бейимлилик бар. Бул бағдарда жазылған қосықларын оқығанында ериксиз мыйық тартасыз.

Автордың бул «Шүкирлик» атлы китабы оқыўшылар тәрепинен жыллы қабыл етип алыныўына гүман жоқ.

**Пикир билдириўши:**
**Ж. Избасқанов** - Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры.

İSBN 978-9943-981-28-7

© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2015-жыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШҮКИРЛИК

Биреўлерге қолдың кири - пул бердиң,
Есигине жумсайтуғын қул бердиң,
Ақыл-если маған қыз ҳәм ул бердиң,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

Қәнәәтсиз дүнья қуўып кетеди,
Карун бай болыўды әрман етеди.
Кийиниўге, ишип-жеўге жетеди,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

Умтылып гейбиреў алғанда ҳамал,
Мурнында еседи мың батпан шамал.
Ондайдан сақласын, ул-қыз бәркамал,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

Душпаным ҳәр күни аяқтан шалып,
Жүрсем де көрмедим күниме налып,
Шаршасам ақлықты қолыма алып,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

Төрткөз түўел, бул инсанның барлығы,
Таптырмастай мол байлығы - саўлығы,
Ата-анамның қолында жүр шаўлығы,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

Намысты дүньядан үстин қойғыздым,
Қонағыма ең соңғысын сойғыздым,
Қәнәәтке қарынымды тойғыздым,
Мың шүкирлик айтарым бар, Яратқан.

## ШҮКИР ЕТ

Нағысларын айлап-жыллап қураған,
Бир көк көйлек бир аўылға жараған,
Гезек пенен қызлар тойға сораған,
Он көйлек бар бир басында, шүкир ет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳалы барлар дигирманды қурады,
Кепшик қолда гезек күтип турады.
Бел қайысып дигирманды бурады,
Порсылдаған ақ наның бар, шүкир ет.

Ызғар жайда төсек қылып сабанды,
Қәлпеси танытар ата-бабанды.
Ески мектеп, шыбық тилип табанды,
Сонша оқыў дәргайы бар, шүкир ет.

Шүтик шыра, түтин басып танаўды,
Тынбасын түни бойы алаўды,
Үйренгенбиз томар, тезек қалаўды,
Ол мүшкилден қутылғанбыз, шүкир ет.

Маллы-ҳаллы ақ отаўын жаңалар,
Кәмбағаллар жер төлени паналар,
Ҳәтте, қос та бас пана боп саналар,
Сулыў, зәўлим имарат бар, шүкир ет.

Хабар бердик алысларға хат жоллап,
Жақын жерге атты шаптық сабалап,
Ал ҳәзир не, телефонды бир бурап,
Дүнья бойлап басланыс бар, шүкир ет.

Шоршып түсип бешатардың сестинен,
Көшип-қондық жаўгершилик дәстинен,
Шығып бүгин барлығының үстинен,
Ғәрезсизлик заманың бар, шүкир ет.

## ТӘН БЕРМЕЙ БОЛМАС

Жигиттиң сөзинен танғанын көрдим,
Полаттың майысып сынғанын көрдим,
Бурқыған дәрьяның тынғанын көрдим,
Язмыштың исине тән бермей болмас.

Саўатсыздың бәлент шыққанын көрдим,
Күшлини әззиниң жыққанын көрдим,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүна жоқ, күйениң жуққанын көрдим,
Ашшы ҳақыйқатлық, тән бермей болмас.

Өнбесин билсе де, еккенди көрдим,
Ҳақ айтып, ақырет шеккенди көрдим,
Қосқа тулпарларды жеккенди көрдим,
Ялғаншы бул дүнья, тән бермей болмас.

Нәкасты пир етип тутқанды көрдим,
Ғәрремлик жол менен утқанды көрдим,
Түйени түк пенен жутқанды көрдим,
Бул да ҳақыйқатлық, тән бермей болмас.

Шайтан суўсынынан татқанды көрдим,
Ар-намыс, ҳүжданын сатқанды көрдим,
Батырын сыртынан атқанды көрдим,
Тарийх жылнамасы, тән бермей болмас.

Ғәрремниң паш болып қалғанын көрдим,
Нәкастың жазасын алғанын көрдим,
Басына қара күн салғанын көрдим,
Яратқан күшиңе тән бермей болмас.

## АЎЫЛ

Саясы бир жәннет қараман талы,
Ырғалар атызда бийдай ҳәм салы,
Жайылар жайлаўда қой, жылқы, малы,
Қарасам, көз тоймас сулыўсаң, аўыл.

Туқым таслап тапқа, қапта қалғанша,
Пискен гезде қаўын, ғарбыз, жамбылша,
Өткенниң пайы бар - жесин тойғанша,
Мийрим-шәпәәттиң үлгиси аўыл.

Бағында ырғалған мийўе дарағы,
Суўында ойнаған балық, шабағы,
Сол мәўрит қалайша умыт болады,
Атың жүрегиме мөрленген, аўыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жапларға келгенде ылай суў ағын,
Сол жапта жалаңаш шомылған шағым,
Келди көз алдыма балалық ўағым,
Көзиме қаншелли ысықсаң, аўыл.

Апам жапқан зағара бар қолымда,
Қурақ пәпки асып мектеп жолында,
Билим алыў деген мақсет ойымда,
Булардың бәрине гүўасаң, аўыл.

Келбетинен пәклиги ҳәм билинер,
Мийман келсе, барын шашып бөлинер,
Аўзын ашса жүреги де көринер,
Сада аўылласым жасаған аўыл.

Туўылған аўылға етпеген қайыр,
Сөздиң дүрданасын излеген сайыл,
Кешеги нәресте - белгили шайыр,
Шайырды дүньяға келтирген аўыл.

## П Е Р З Е Н Т И

Яратқаным жортып-жел деп күн берген,
Дем алып ҳәм уйқлаў ушын түн берген,
Сол түнди де кирпик қақпай өткерген,
«Иҳ» дегени ушын оның перзенти.

Бул кең дүнья қәпес яңлы көринбес,
Алдыңа қойылған тағам желинбес,
Зорлап жутқан астың дәми сезилмес,
«Иҳ» дегени ушын оның перзенти.

Жумыста, үйинде тақаты болмас,
Аяғы күйгендей тыпырлап турмас,
Ҳәтте бүлбил сести кеўилин алмас,
«Иҳ» дегени ушын оның перзенти.

Жасы жетпей өзин ҳарғын сезеди,
Пәний дүнья ҳәзлигинен безеди,
Шар тәрепти дәрўиш киби гезеди,
Бир батпан кем туўса инсан перзенти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Соңғылықта көремен деп зийнетти,
Айырымлар еткен менен мийнетти,
Қартайғанда көрмей өтер ҳүрметти,
Дурыс тәлим алмай өссе перзенти.

Уйқысы қанбайды узақ таңға да,
Пал қосып қойғандай қатты нанға да,
Торғайдың сестине ойнар «Ламбада»,
Саў-саламат болса инсан перзенти.

Болмышқа үмитли ушқынлар көзи,
Кеўили ҳалласлап, жайнайды жүзи,
Мереке-мейлисте тыңланар сөзи,
Батпан артық туўса инсан перзенти.

Ана халқы ушын атқарар хызмет,
Көрсетер атаға, анаға ҳүрмет,
Халқы айтар тапқайсаң деп берекет,
Тәлим-тәрбиялы болса перзенти.

## АДАМЛАР

Өзге менен қосып өзин қыйнайды,
Қалта кесип, қорадан мал урлайды,
Өзлестирмек ушын өзге дүньясын,
Ҳәттеки, жан алыўдан да таймайды.
Ҳеш нәрсени ойламаған адамлар.

Өзиң билип, «подарканы» бермесең,
Кемисинди излеп таўып, гүналар,
«Подаркадан» тапқан «маңлай тери»не
Ресторан, кафе, барды аралар,
Тек бүгинин ойлап жүрген адамлар.

Қалай оқып атыр айланбай басы,
Ҳәм тәрбия бермес қызы-улына.
Марапатын берип, әбден қуўанар
Тәшки айдап тапқан азмаз пулына,
Бир күнлигин ойлап жүрген адамлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүзде төгип, ерте бәҳәр суўғарып,
Аўдарады жер келгенде табына.
Жазы бойы тәрбиялап дақылды,
Гүз келиўден дән түседи қабына,
Бир жыллығын ойлап жүрген адамлар.

Әўладтан-әўладқа сыналып келген,
Бир гәп бар жақсының бағы қалады.
Нәлшелерди егип, бағды жаратып,
Бабалар сөзине әмел қылады,
Көп жыллығын ойлап жүрген адамлар.

Келешек әўладқа тәрбия берип,
Ҳадал хызмет етер ана халқына.
Сүрме етип бабалардың мийрасын,
Садық болар дәстүрине, салтына,
Өмирлигин ойлап жүрген адамлар.

## Б И Р Е Ў

Жаршы болып, тәшки айдар базарда,
Арқаланар Ақтаў менен Ҳазарда,
Дәлдәлши боп енди саўда қызарда,
Биреўлер пул ушын, күн ушын биреў.

Периште исенсең айтқан сөзине,
Таныттырмай нықап кийип жүзине,
Шөп салады өз ярының көзине,
Биреўлер қумарға, күн ушын биреў.

Жуда болған ардан муштай басына,
Қарамайды ғаррысына, жасына,
Қыдырайық деп келеди қасыңа,
Биреўлер мәсликке, пул ушын биреў.

Исенбейди муҳаббаттың барына,
Қызын қоспай өзи сүйген ярына,
Қуда түсер қарап дүнья-малына,
Биреўлер пул ушын, мәп ушын биреў.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Улынан, қызынан жақын боп шарап,
Бар болса пулына, жоқ болса сорап,
Ишпесе, болмайды қолы қалтырап,
Биреўлер мәсликке, дәрт ушын биреў.

Хожейинге тап қудайдай жүгинип,
Көксине қол қойып, еки бүгилип,
Сөккенде де қарамайды тигилип,
Биреў ҳәмел ушын, күн ушын биреў.

Иси менен сөзи сәйкес келмеген,
Өз мәпинен басқаны ҳеш билмеген,
Тек минберде сулыў сөзлер сөйлеген,
Биреўлер мәп ушын, даңқ ушын биреў.

## ТЕГИН ТЕСИП ШЫҚТЫ

Пайда ушын алшы келсе асығың,
Бул саўданың жолы көп-ғой қашырым,
Бажы менен салықшыны айланып,
Төте жолдан затың келер жасырын.

Бир жорамыз усы жолды таңлады,
Нобай пайда табыў жолын аңлады,
Саўда жүрип, арадан жыл өтпей-ақ,
Машын алды, гөне жайын оңлады.

Тек пайда, басқаға кеўил бөлмеди,
Қолда пул бар, занды көзге илмеди,
«Тегин пайда тесип шығар» деген гәп,
Кимге арнап айтылғанын билмеди.

Сол пайда да оған аздай көринди,
Қайта-қайта қатнаўға да еринди,
Төте жолда машын толы зат пенен,
Заң қолына түсип, әбден бүлинди.

Сонша жылғы мийнет зая кетипти,
Заттың бәри заң қолына өтипти,
Нобай пайда көремен деп ойлаған
Сумлық, ақыр, өз басына жетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҲАЙРАНМАН

Билектей бурым деп айтса бурында,
Сүмбил шаш деп мақтап қосық-жырында,
Кесилди барлығы, қалмай тулым да.
Ҳәзиргиниң қызларына ҳайранман.
        Шаңарағын өзи сүйрей алмаған,
        Келиншегин Ақтаў-Ҳазар жоллаған,
        Бурын ҳаял тапса, дүнья болмаған,
        Тап ҳәзирги жигитлерге ҳайранман.
Әзелден қәтқуда басқарған елди,
Ағарған сатқанды гүна деп билди,
«Сүт ҳақы» - бир сыйыр мойынға илди,
Қуда менен қудағайға ҳайранман.
        Үйинде шыт та жоқ белин ораўға,
        Велюринди жараттырмас шылғаўға,
        Бул дәстүрди тилим бармас мақтаўға,
        Бийкеш қуўған жеңгейлерге ҳайранман.
Кийим таппай отырса да улына,
Той болса айланып маба қулына,
Гилем алып жабар қарыз пулына,
Маба ушын қызғанларға ҳайранман.
        Сапа емес, тек сан ушын қызады,
        Мағлыўматта ол ҳәммеден озады,
        Ал шыжланы күннен-күнге азады,
        Сырты пүтин баслықларға ҳайранман.
Қарар шығармаса арақ ишемиз,
Наспай атып ҳәм де шылым шегемиз,
Теректи де қарар менен егемиз,
Бул күнлери адамларға ҳайранман.
        Техника узыртып исте қолларды,
        Бир саатта өттик айлық жолларды,
        Шет журтларда оқытпақта балларды,
        Ескиликти күсегенге ҳайранман.
Гәпти неге айттым оңлы-солымнан,
Бәри-бир өзгертиў келмес қолымнан,
Қой кетейин, қалмайын мен жолымнан,
Бул күнлери өзиме де ҳайранман!...

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАРАТЫР

Асфальт жолда зымырап,
Машын кетип баратыр.
Темир жолда тақа-тақ,
Поезд өтип баратыр.
Жетпей биреў мәнзилге,
Биреў жетип баратыр.

Нар түйеси баслаған,
Кәрўан жүрип баратыр.
Ал изинде шабалап,
Ийтлер үрип баратыр.
Көрмей биреў қызықты,
Биреў көрип баратыр.

Нық услаған дизгинди,
Атын шаўып баратыр.
Мине алмай ешекке,
Ери аўып баратыр.
Таппай биреў бир тыйын,
Биреў байып баратыр.

Көз алдында ыржаңлап,
Сырттан сөгип баратыр.
Абырайын айрандай,
Өзи төгип баратыр.
Шықса биреў бәлентке,
Биреў шөгип баратыр.

Периштениң бетине
Күйе жағып баратыр.
Билмесе де сыртынан
Насақ тағып баратыр.
Биреў кеўил көтерсе,
Биреў жағып баратыр.

Тапсырылған жумысты,
Қырып-жойып баратыр.
Қолында жоқ өнери
Исин қойып баратыр.
Тоймай көзи биреўдиң,
Биреў тойып баратыр.

Жаслық жигер бойында
Қызлар өтип баратыр.
Сары тисли, ақ шашлы
Кемпир кетип баратыр.
Жетпей биреў әрманға,
Биреў жетип баратыр.

Гүўасы боп бәриниң
Қыял етип баратыр.
Сағат тили жылжыса,
Ўақыт кетип баратыр.
Жаманға да, жақсыға
Өмир өтип баратыр.

## НЕ ПАЙДА

Ләббай деп турған соң ҳәр бир сөзиңе,
Қабат-қабат май қапланып көзиңе,
Жолдан шетлеп, ерип шуғыл сөзине,
Бир сүрнигип жығылған соң не пайда.

Ҳамал ҳәм дүньяға қарысып қаның,
Қолденең табысқа жерисе жаның,
Абайламай жемтигиңниң қармағын,
Тор ишинде пушайманнан не пайда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойып алып суўсынына шайтанның,
Уўалап тумсығын ақыл айтқанның,
Жоғалтқан соң пазыйлетин инсанның,
Саўалғанда пушайманнан не пайда.

Ҳадал мийнет наны етип жуқалық,
Шүкирсиз кеўилди қаплап қапалық,
Алданып шет журтта жүрип сандалып,
Пешананы дүмпишлеўден не пайда.

Өзге жаўан ай көринип көзиңе,
Қулақ аспай ул-қызыңның сөзине,
Журдай болып, келгенинде өзиңе,
Орны толмас пушайманнан не пайда.

Қақаманда жүрип желең есирип,
Ден саўлықтан айрылған соң ес кирип,
Ҳәр қәдемде демиң қысып, жөткирип,
Асқынлатып алғаннан соң не пайда.

## ЖАПЫРАҚ

Шақасынан жерге түсти қулдырап.
Ўақты жетпей үзилип бир жапырақ,
Тәбияттың әпиўайы заңындай,
Дәрҳал қушағына алды топырақ.

Бул аўҳалға кексе гүжим қыйналды,
Көленкеде пайда болды алағат.
Саратанда мәлҳам берер жаныңа,
Сол жапырақ турғанында саламат.

Бул язмыш-ғой, оннан озмыш жоқ екен,
Пешанама жазғаныңды көремен.
Қыршынлайын үзилгенде жапырақ,
Әй, Яратқан, қалай буған көнемен.

## СУҢҚАР

Диң аспанға көтерилди шарықлап,
Ушаман деп таўдан, тастан, қыядан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонша үмит тек әрманға айналды,
Алысламай еле алтын уядан.

Қанат қомлап, туңғыш пәрўаз еткенде,
Жалап өтти әжел оғы жүрегин.
Ҳайран қалдым ялғаншының исине,
Алды сайлап, ең ишинде керегин.

Ашынбас-ем ғарға-қузғын болғанда,
Ийисленген өлимтикке жутынған.
Көкти гөзлеп, пәрўаз етиў нийети,
Сунқар еди туғырында умтылған.

## САҒЫНЫП СЕНИ

Зәўлим жайлар қәпес яңлы көринбес,
Дузы жоқтай ас мазасы билинбес,
Ойлап сени, ҳасла көзим илинбес,
Бир майдан көрмесем, сағынып сени.

Ишкен асым тарамайды бойыма,
Уйқы келмес, сен түсесең ойыма,
Әрманлайман бир алсам деп қойныма,
Бир майдан көрмесем, сағынып сени.

Япырмай, ашық боп қалдым ба екен,
Муҳаббат шоғында жандым ба екен,
Ышқы гирдаплары алдымда екен,
Бир майдан көрмесем, сағынып сени.

Дилимди дағлайды қарар көзиңиз,
Ядымда мөрленген ҳәр бир сөзиңиз,
Тек қасымда кемис болып өзиңиз,
Бир майдан көрмесем, сағынып сени.

Айтыңлар ышқыда жанбаған ким бар,
Ышқы суўсынына қанбаған ким бар,
Мениң жүрегимди жаўлаған дилбар,
Бир майдан көрмесем, сағынып сени.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУМБАҚ

Таўдың мың әсирлик тасында бар ол,
Ақмақтың, дананың басында бар ол,
Нәресте, ғаррының жасында бар ол.
Бар және таўлардың жыраларында,
Мал баққан шарўаның қораларында.
Үлкен-кишиде жоқ, жораларымда.

Дәнде жоқ, дийқанның қабында бар ол,
Суўда жоқ, суў аққан жабымда бар ол,
Пахтаның ҳәр қарық, табында бар ол.
Бар және әдиўли аналарымда,
Әлпешлеп өсирген балаларымда,
Қуўаныш ҳәм шеккен налаларымда.

Берилген атақта, жазада бар ол,
Орынлы, орынсыз қазада бар ол,
Зәҳәрдей ашшыда, мазада бар ол.
Бар және жигиттиң намыс, арында,
Сыңғырлап шертилген дуўтар тарында,
Қыстың көрки болған аппақ қарымда.

## ТУҢҒЫШ МУҲАББАТ

Бир жилўа бақышы көзини сүзип,
Өзине бәнт етти, жүректи езип,
Өткинши ышқыны муҳаббат сезип,
Өзимди жоғалттым, туңғыш муҳаббат.

Ышқы ғәплетинде байланды көзим,
Ойладым бахытлы дүньяда өзим,
Қызғаныш пәмледим кәтқуда сөзин,
Ақылдан аздырдың, туңғыш муҳаббат.

Дәрўишдек паяндоз болып жолында,
Серлемей не болды оңлы-солымда,
Ноқталандым бир опасыз қолында,
Не күнлерге салдың, туңғыш муҳаббат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ар-намыс аяққа қалған басылып,
Хор болыппан бир етекке асылып,
Кеш болса да, шүкир, көзим ашылып,
Әлўидағ айтаман туңғыш муҳаббат.

## МОЙЫНЛАЎ

Ашық едик, әкең маған бермеди,
Жарлы деди, бизди көзге илмеди,
Келешекти, бәлким, аңлап серледи,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

Кейин жүрдим әкенди мен гүналап,
Жыллар өтти, қуў шыбықты сабалап,
Кеш аңладым қалғанымды тубалап,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

Есигинде адам жумсар ҳалың бар,
Еки этаж даңғырлама жайың бар,
Ҳәр биринде иномарка машын бар,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

Жағдайынды көрип, әбден сүйсиндим,
Өз ҳалыма нәзер салып, гүрсиндим,
Әкенди мен сонда ғана түсиндим,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

Таң атқаннан, күн батқанша шабаман,
Сонда зорға тек тамаққа табаман,
Бул ҳалымды билмейди-ғой аламан,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

Қудай берди, бес балаға ийемен,
Биреўи ишемен, бири кийемен,
Десе таппай, иш-ишимнен күйемен,
Мен сени бахытлы еталмас едим.

## НАЎРЫЗ

Сыран суўықлардың жүзин бурдырып,
Бәршемизди қыс уйқыдан турдырып,
Шешек гүллерине барқан урдырып,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап ҳәзирден ойлап гүзги қырманды,
Жыйнастыр деп қыс күндеги бийғамды,
Атызға шарлайды әтшөк дийқанды,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Қолға алып кетпен, белин, тырмасын,
Шығар бир-бирине айтып ҳармасын,
Дийқан жылын берип, Тәңрим қолласын,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Тәбияттан көклем ийиси таралып,
Гүзде ушып кеткен қуслар оралып,
Майсалар қозғалған жерден нәр алып,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Қәлиймада жатқан балық жан енип,
Қурт-қумырсқа, жәнликлер де түргелип,
Жап-салмаға ылайланған суў келип,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Атына миндирип, таратып жалын,
Отарға айдаттың қой, жылқы, малын,
Сыртынан бақладың шарўаның ҳалын,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Қой изинен күнде қозы тергизип,
Сыйырларға қос-қос бузаў ергизип,
Түйе бота, жылқы қулын емизип,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

Жарасады бурын жүрген урысып,
Өкпелескен гийнелерин қойысып,
Ҳәтте душпан дос болыўға тырысып,
Хош келдиң, Нәўбәҳәр, әссалам, Наўрыз.

## СӘЛЕМНАМА

Жаўға шапқан, қолда қарыў-жарағы,
Сам қумында жатыр Асаў-Барағы,
Көрегенлик жолдың жарық шырағы,
Ел табынған Бекет баба, әссалам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерликте теңи жоқ Ер Қосай батыр,
Әмиў жағасына қурыпты шатыр,
Сизлерге руўхы шад болып атыр,
«Бес төбе» жеринен дуўай әссалам,

Бул мәканның ойы-қырын жайлаған,
Сөзге келсе периштени байлаған,
Айтысыўға Меңеш қызды сайлаған,
Ҳажынияз туўған журттан әссалам.

Еске алып бир шайырын «қалпақ»тың,
Жүз сексенин белгиледиң Бердақтың,
Басымын көтерип аўыр салмақтың,
Дуўай сәлем қарақалпақ халқынан.

Душпаннан қорыған Қоңырат жерин,
Ким естен шығарар Досандай ерин,
Киндик қаны тамған Маңғыстаў елин,
Улығлаған Қоңыраттан әссалам.

Топ айырар болса ата-тегинде,
Күш-ғайраты билегинде, белинде,
Киндик қаны тамған Хожа елинде,
Аўылымнан ушқан суңқар әссалам.

Спорттан таңлады кең гүзар жолды,
Въетнам сапарына кеўилим толды,
Қытайда Жәҳәнге чемпион болды,
Ердосжанға Хожелиден әссалам,

Бир гезлери Аралға халық табынды,
Ҳәзир оның айдынларын сағынды,
Каспийинди көрип маўқым басылды,
Шалқар айдын, ақбас толқын әссалам.

Қала шетке шығып едим төтөлеп,
Шарўаңыз жүр нар түйесин жетелеп,
Күтип алды мал-жан сорап мәпелеп,
Төрт түликтиң ийесине әссалам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ун болмаса қайнамайды қазаны,
Нанның дәмин айтпайсаң ба мазалы,
Тәмийнлеген аўыл менен қаланы,
Жер менен тиллескен дийқан әссалам.

Бағында ырғалар түрли жемиси,
Ол болмаса, дәстурханның кемиси,
Мичуриндей ақыл, ойы-өриси,
Бағ ийеси-бағман баба әссалам.

Келсе де ким қарсы күтип аласаң,
Сәл сер салып минезиңе қарасам,
Қоблан батырымды ядқа саласаң,
Әссалам, Маңғыстаў, әссалам, Ақтаў.

**2008-жыл, Ақтаў**

## САДАҒАҢ КЕТЕЙИН

Көшемизди толтырып,
Сән-салтанат өтесең.
Қарап турсам сыртыңнан,
Нәзер салмай кетесең.
Қарамасаң, нетейин,
Пай садағаң кетейин.

Дүлдүл болсаң ең алыс
Айлаўларға шабар-ең.
Тап усындай тулпарға
Әзелден мен қумар-ем.
Буйырмасаң, нетейин,
Пай садағаң кетейин.
Айтыў қыйын сөз екен,
Өмир қызық, тамаша.
Сәўбетлесип бираз ўақ,
Турсақ та биз оңаша,
Айталмасам нетейин,
Пай садағаң кетейин.

Сөте алмай гәп жүйин,
Қәлем, қағаз жегилди.
Кеўилдеги бар дәртим
Ақ қағазға төгилди.
Шайырман-ғой нетейин,
Пай садағаң кетейин.

## ҚАН БАСЫМ

Ҳамалдан түскенди ертип жетекке,
Дүньясы күйгенди тығып кетекке,
Күшиң дәртсизлерге жетпеди тек те,
Мениң қай жериме қыздың, қан басым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтириктен бәне етип Аралды,
Қолға услап «дузлы» деген қуралды,
Туқым-теберигиң желдей таралды,
Қәнәәт-инсаптан журдай, қан басым.

Ғәзепленип, әбден, қабақ үйипсең,
Нәрсеси жоқ жарлыға да ийипсең,
Ҳәтте, нәўше балларға да тийипсең,
Бунша ашкөз болғаның не, қанбасым.

Бул наўқастың сирә көзи тойып па,
Я инсабын нәрсе қоймай жойып па,
Я аптекши пара берип қойып па,
Мерез шөптей гүжип кеттиң, қан басым.

Гә пәлпеллеп диң аспанға ушасаң,
Гә төменлеп, қара жерди қушасаң,
Басқаны азаплап, өзиң йошасаң,
Өзин билген өзмәмбетсең, қан басым.

Жүрмейтуғын жер жоқ шығар өзинде,
Сен барсаң баслықтың ҳәр бир сөзинде,
Тексериўдиң қырағылаў көзинде,
Жалпылдайсаң барлық жерде, қанбасым.

Билмедим мен қайдан саған шатылдым,
Азарынды жүдә маған батырдың,
Қысқа танды узайттырып атырдың,
Өйтип менде қастың бар ма, қан басым.

Бар дәртимди шыпакерге ақтарып,
Басымынды өлшеп көрди жатқарып,
Дәри менен сени райдан қайтарып,
Сол кетистен дарымай кет, қан басым.

## БИР НӘЗӘЛИМ БАР ЕКЕН

Келген ўақта айтсам гәптиң жүйесин,
Ышқы кәрўанының минип түйесин,
Тапқандайман сол түйениң ийесин,
Шортанбайда бир нәзәлим бар екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонша жаўан көрдим, көзим қызбады,
Сол қызды көргенде жүрек сызлады,
Бота жойтқан инген киби бозлады,
Шортанбайда бир нәзәлим бар екен.

Билалмадым қай периште әўлады,
Қуп жарасар сулыў, ҳүсни-саўлаты,
Әбден мениң жүрегимди жаўлады
Шортанбайда бир нәзәлим бар екен.

Мисли қуяш шығып, шуғла шашылды,
Көрмедим бунындай гәўҳар-ҳасылды,
Зулметтен шыққандай көзим ашылды,
Шортанбайда бир нәзәлим бар екен.

Жүрек лаўлап шертти ышқы тарымды,
Қасидаға битип налаларымды,
Ақ қағазға төктим аҳыў-зарымды,
Шортанбайда бир нәзәлим бар екен.

## МЫҢ ҚЫЗ ИШИНЕН

Ҳүсни оның өзгелерден зияда,
Аламан көз үзбес жүрсе пияда,
Лала гүлдей өсип турған қыяда,
Таныйман мен оны мың қыз ишинен.

Жалт-жулт етер айсыз түнги жулдыздай,
Тынық суўға ойнап шыққан қундыздай,
Мен ушын ол бул дүньяда жалғыздай,
Таныйман мен оны мың қыз ишинен.

Тәбият инамы артық берилген,
Оралар белине бурым өрилген,
Жарасар жүзине қасы керилген,
Таныйман мен оны мың қыз ишинен.

Көксимди теседи күлип бақышы,
Бийҳуш әйлер назлы қасын қақышы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз тартады жаға-жеңниң нақышы,
Таныйман мен оны мың қыз ишинен.

Даналығы сезилип тур жүзинен,
Сөзлесе пал тамар ҳәр бир сөзинен,
Меҳрибанлық нуры тарар көзинен,
Таныйман мен оны мың қыз ишинен.

Айтпасам дәртлерим қалажақ иште,
Онда емес мен оны көргенмен түсте,
Қыялымда пайда болған периште,
Излеймен мен оны мың қыз ишинен.

## САЎШЫ

- Сүйемен деп айтқан өзиң,
Я жалған ба берген сөзиң,
Дилгир болды жолға көзим,
Тез жоллай-гөр үйге саўшы.

- Жумыстан бәнт мамам-папам,
Дым қартайған атам-апам,
Қулақ түрмес қоңсы-қобам,
Сәл еглей тур, барар саўшы.

- Саратанда қар болайын,
Қақаманда пар болайын,
Дийдиндеги яр болайын,
Тез жоллай-гөр үйге саўшы.

- Саратанда қар бола ма,
Қақаманда пар бола ма,
Қардан, пардан яр бола ма,
Сәл еглей тур, барар саўшы.

- Пиво ишсең, бар болайын,
Өрмелесең, жар болайын,
Шөлден жүрсең, нар болайын,
Тез жоллай-гөр үйге саўшы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Пиво ишип, шөллемедим,
Альпинист боп өрлемедим,
Шөлден жүрип, делбемедим,
Сәл еглей тур, барар саўшы.

- Есапсыз пул бергиземен,
Мерс я БМВ мингиземен,
Таза жайға киргиземен,
Тез жоллай-гөр үйге саўшы.

- Не сандалап турман өзим,
Алжы-булжы айтқан сөзим,
Сен-ғой мениң қарар көзим,
Күт, азанда барар саўшы.

## ҚАРЫЗЫ БОЛСА

Тартыныўды, айбыныўды билмейди,
Сенсирейди, ҳөктем болып сөйлейди,
Әззи болсадағы өзи бийлейди,
Биреўде аласы қарызы болса.

Айыплыдай сәўбетлеске тигилмес,
Дузы жоқтай ас мазасы билинбес,
Кең гүзарың соқпақ яңлы көринбес,
Биреўге береси қарызы болса.

## СУЎЛАР АҒАР БИЗДЕН СОҢ ДА
**(Ажағам Артықбай Қаиповтың естелигине бағышлайман)**

Ҳайранлар қаламан тәғдир исине,
Биреўди қартайтып, биреўди жаслай-
Алып кетип атыр, О, сум айралық.
Қалайша көнемен, кеўилим муздай.

Өсирип, улғайтып қыз ҳәм улларды,
Жеткермедиң, шайпалдырдың шелегин.
Ялғаншы, сендеги әдалат қәне.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайлап ўздиң ең ишинде керегин.
Он жыл өтип кетседағы арадан,
Еслесе қостарың, көзин жаслаған.
Қудайым бергенлер, шүкир, жетилди,
Даўамлар ислерди өзиң баслаған.

Алпыстың асқарын пәрўазлар единң,
Айтқаны инсанның бола бергенде.
Көш басында турғанында нар болып,
Изде бозлап қалмас еди инген де.

Әлўидағ айтамыз пайыт келгенде,
Не шара, озмыш жоқ, язмыш көрилер.
Сизден соң да, бизден соң да тыным жоқ,
Сууўлар ағар, жемирилип дегишлер.

## ЕҢ АЎЫР ЖҮК
**(Баҳадыр, Азамат ҳәм Жақсылықжанлардың естелигине)**

Төрт көз түўел Алла маған яр еди,
Мақтанышым - Жақсылығым бар еди,
Қатарынан алда жүрген нар еди,
Ең аўыр жүк - жас кишиниң қазасы.

Ойда жоқта Азаматтан айрылдым,
Еки бирдей қанатымнан қайрылдым,
Бул қайғыны көтералмай майрылдым,
Ең аўыр жүк - жас кишиниң қазасы.

Бирге жүрсем алтын, гәўҳар, зер едим,
Қаналасым Баҳадырым дер едим,
Ҳәтте жарты нанды бөлип жер едим,
Ең аўыр жүк - жас кишиниң қазасы.

**(Аўыл хожалығы илимлериниң докторы Г.Шамуратовтың естелигине)**

Академик, профессор ат пенен,
Жер менен тиллескен дийқан пирисең.
Зер ҳәрипли исмиң қалар тарийхта,
Елимдеги тулғалардың бирисең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахытынды таўып оқыў-билимде,
Мунарланған шоққы болдың илимде.
Өтер айлар, жыллар ҳәтте әсирлер,
Сақланасаң мәнги халықтың тилинде.

## ЖҮРЕГИМ ҚӘСТЕ

Гезип бағды, бир әжайып гүл көрдим,
Қолларым бәнт, қолымда бар гүл дәсте.
Әрман болды, үзе алмадым сол гүлди,
Ышқы зардабынан жүрегим қәсте.

Өзине тартады ийси аңқыған,
Ериксиз қасына мен бардым әсте.
Үзбедим, қызғандым ҳәтте өзимнен,
Өзгеге қыя алмай, жүрегим қәсте.

Үзгим келди, создым қолым жетпеди,
Турғандаймыз ол аспанда, мен пәсте.
Бул гүл маған буйырмаған аңладым,
Бир гүлдиң ышқында жүрегим қәсте.

Жоғалттым, соңынан излеп таппадым,
Уйқласам түсимде, оянсам есте.
Сол гүлди излеймен, излеймен еле,
Айралық дәртинен жүрегим қәсте.

## ЖАСАЛМА БАХЫТТАН НӘР АЛҒАН ЯРЫМ
## (Э.ниң тилинен Қ.ға)

Ышқы муҳаббаттың есигин ашып,
Күйдим, сүйдим дегенинде инандым.
Қулақ түрмей ҳәмирине жүректиң,
Сөзге ерип, мың муқамға доландың.
Жүреги сүйгенге сөз салған ярым,
Пығылы өзгеге көз салған ярым.

Өз еркиңе, өз ырқыңа бойсынбай,
Нусқаса өзгелер. қулақты түрдиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақыйқый бахыттан жүзиң үгирип,
Жасалма бахыттан нәр алып жүрдиң.
Жүреги сүйгенге сөз салған ярым,
Пығылы өзгеге көз салған ярым.

Әлўидаға, жерледим, турақсыз - себеп,
Туңғыш муҳаббатты, туңғыш сезимди.
Өзиң сүймей бир дастыққа бас қойған,
Яратқаным саған бергей төзимди.
Жүреги сүйгенге сөз салған ярым,
Пығылы өзгеге көз салған ярым,
Жасалма бахыттан нәр алған ярым.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЛАРЫ

Хорланып бурында сатылып малға,
Ҳешкимге бийғәрез жетистиң ҳалға,
Еркинлик заманда қайтпа, тек алға,
Бахты күлген, қарақалпақ қызлары.

Жетпис жаста жети жасқа теңеген,
«Шашы узын» деп кемситип минеген,
Ол заманың өтип кетти билемен,
Бахты күлген, қарақалпақ қызлары.

Бәнт етип көркиңе яратқан бизди,
Ахудий бир қудай жаратқан сизди,
Тартасыз наз бенен қәлеген көзди,
Бахты күлген, қарақалпақ қызлары.

Бир шайыр мегзетер ай менен күнге,
Бир шайыр мегзетер ашылған гүлге,
Ышқында өртенип айланар күлге,
Бахты күлген, қарақалпақ қызлары.

Мегзетпеймен қызды ай ҳәм күниңе,
Мегзетпеймен әтир ийис гүлиңе,
Күлкиңе тең келмес оның бири де,
Бахты күлген, қарақалпақ қызлары.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КЕШИКПЕСПЕН

Айтқан сөзи болып пәрман,
Көше бийге сыйынамыз.
Гезек пенен зыяпатқа,
Айына бир жыйыламыз.

Зыяпатта қатаң тәртип,
Айтқан ўаққа дәл келесең.
Мендей болып бир кешиксең,
Негелигин соң билесең.

Отчет деген бәле болды,
Зыяпатқа сәйкес келип.
Екинши ас тартылғанда,
Жеттим зорға жортып-желип.

Липилдетип бир фужорға,
FШтрафFной қуйып берди.
Иштим, бирақ азмаз өтип,
Қалды көзим көрмей жерди.

Тост пай деди және қуйды,
Иштим, кем-кем бардым қызып,
Отырғанның барлығынан
Ҳә демей-ақ кеттим озып.
FFыңF дейтуғын ким бар деппен,
Көше бийине асылып.
Аяқ илип дастурханды,
Зийнет кетипти шашылып.

Биреўине тепки тийген,
Және бирин қағып өткен.
Енди кейин қайтпасымды,
Отырғанның бәри билген.

Жәмлесип бәри жабылып,
Аяқ-қолымды байлапты.
От жанбаған муз жайдағы,
Диванға зорға жайлапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир кешигип келемен деп,
Абырай қалмай төгилди.
Еситип ертең барлығын,
Жети насырым бүгилди.

Қайтып бундай зыяпатқа
Кешигип ҳасла келмеспен.
Фужоры дедим қурысын,
Толытырып сирә ишпеспен.

## БИРИНШИ БАХЫТ

Күн демей, түн демей бахтымды излеп,
Сыран суўықларда жаяў гезгенмен,
Ағысты, толқынды писент етпестен,
Гейде ықлап, гейде өрлеп сүзгенмен.

Не екенин билалмай сол бахыттың,
Шөлди гезип, гә суўларда жүзгенмен,
Ерискеним бахыт болып көринип,
Дем алыстан, уйқыдан да безгенмен.

Ҳаял, дүнья, бир гезлери ҳамал деп,
Тапқандай боп өрден-ыққа желгенмен,
Ден саўлықтан айрылған соң ес кирип,
Биринши бахытты сонда билгенмен.

## ЕТИКСЕҢ
### (Кегейлиши Рейим дәўдиң баласы Дәрьябай фермерге ҳәзил)

Бабам кийген арқа менен батыста,
Атам кийген Ўатандарлық урыста,
Кийген және дийқан, шарўа, қурылыста,
Миннетинди ада еткен етиксең.

Мереке мейлиске зорын сайладым,
Жылтылдатып гүнжи майға майладым,
Саратанда керегеге байладым,
Бас кийимнен кем көрмеген етиксең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақлары шоқай атын алып-ең,
Бабамлардан мийрас болып қалып-ең,
Төгин-шашын заманда да болып ем,
Бир фермерге табылмаған етиксең.

Заманында нақ шеримнен тигилдиң,
Соңғы ўақта дермантинге берилдиң,
Мәўсим киймей аўзың ашып керилдиң,
Сападан санларға өткен етиксең.

Алғанлар жүрмеди ҳәз етип кийип,
Маңлайың ашылды, тисиң ақшыйып,
Сыпаның астында қалдың гәшшийип,
Кеўиллерден шықпай қалған етиксең.

Аяқ кийим тозыўына жеткенде,
Шеримин үнемлеп етик тиккенде,
Етикшиге сықмар минез питкен бе,
Бир етиктен екеў болған етиксең.

Әкең бермегенди базар берсе де,
Аяғына бәрин суғып көрсе де,
Өкше сыймай қала берди еңседе,
Күнне-күнге майдаланған етиксең.

## ҲӘЗИЛ
### (Қосықшы Б.Жуматаевқа)

Бир емес мың қызға ашық болып сен,
«Бир сүйдир» деп жалынасаң қатырып.
Билесең бе жүргенинди қарағым,
Бир басыңа мың ғаўғаны арттырып.

Бир қыздың жылўасы жүк болар нарға,
Поездбедиң мың қыз назын тартқандай.
Жаўырныңа, ийиниңе қарасам,
Еплеп ғана бир баў пишен артқандай.

Өкпелеме қарамаған шоқ қызға,
Қарамайды ашық болсаң көп қызға.
Жасырынбақ ойнадың ба тал түсте,
«Гөгек бер» деп жалынасаң жоқ қызға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап барлығы жуўырғандай изиңнен,
Мен сизлерге жоқпан дейсең күшенип.
Я Дон Жуан дайынңбеди, бөлең бе,
Бул гәплерди айттың кимге исенип.

## БҮЛБИЛ

Байып кеткен ҳәм сақый көрсетип өзин,
Ўақтынша жайнайды жүзлери гүл-гүл.
Шөп-шарға толырып ярының көзин,
Өзгениң бағында сайрайды Бүлбил.

Нама ырғағына әзелден ашық,
Сағынып-сарғайып күтеди бир Гүл.
Өзиниң бағынан жыраққа қашып,
Өзгениң бағында сайрайды Бүлбил.

Сәўбети әндийше, даналық сөзи,
Тилинде мәргия бир жүйрик дүлдүл.
Бир басқа ислери, бир басқа сөзи.
Өзгениң бағында сайрайды Бүлбил.

## ЕРКЕКЛЕРГЕ МӘСЛӘҲӘТ
### (Ирония)

Машынды өзиң алсаң да,
Жумыстан кеш қалсаң да,
Күйип-писип парт болсаң да,
Машынынды минсин ҳаял.

Өзиң жүрсең де жалаңаш,
Отырса да балалар аш,
Әпер лама, норки құраш,
Кийим кийсе, кийсин ҳаял.

Түн жарпында келсе ҳаял,
Және ойлап жаман қыял,
Қол тийгизбе болар обал,
Мейли жүрсе, жүрсин ҳаял.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кисиге ҳеш қулақ түрме,
Сөзлерине мәни берме,
Ал ҳаялға «яқ» дей көрме,
Бәржай болсын, айтса ҳаял.

Жас жигитлер етип жаслық,
Ислеп қойманң осамаслық,
Болсаң да сен нәҳән баслық,
Үйде бийлесин тек ҳаял.

Истен шаршап келсең қатты,
Шайынды қой, ас аўқатты,
Айта көрме «жанға батты»,
Жумсама, дем алсын ҳаял,

Үй меники деп сандалап,
Қуўылып кетпе қаңғалап,
Есикте жатсаң да думалап,
Сөйлеме, сөйлесин ҳаял.

Кетпе шығып шеннен тысқа,
Түспегей деп саўда басқа,
Айлық пенен авансқа,
Өзиң қол қой, алсын ҳаял.

Ҳаялың пәмсиз болса да,
Ерси қылықлар қылса да,
Дым күлкиң қыстап турса да,
Өзиң күлме, күлсин ҳаял.

## ӨТКИНШИ

Күн нурындай жақтысаң,
Ойладым мен өзинди,
Гөззаллықтың тахтысаң.
Таппадым таң атқанша,
Сонда барып түсиндим,
Мүддетиң күн батқанша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сеннен ағы бармеди,
Гирбиң таппай ойладым,
Жаңа жаўған қармеди.
Ерип кеттиң қолымда,
Пайдасыз деп түсиндим,
Дилгир болыў жолында.

Ойда жоқта саўладың,
Түсинбедим пейлиңе,
Шанды басып жаўмадың.
Жылт еттиң де жанбадың,
Турақлымес өткинши
Екениңди аңладым.

## ДИЙҚАНСАҢ

Көз көргенде ырғалысқан дақылды,
Шексиз қуўандырды дийқан пақырды,
Дәрья тасып атызларды ғарқ қылды,
Суў тасқыннан азап көрген дийқансаң.

Қапта қалғанынша тапта қалсын деп,
Ерте бәҳәр қыс азықтың ғамын жеп,
Дақыл өнип шыққан ўақта нөсерлеп,
Жаўын, буршақ азап берген дийқансаң.

Бабалар дақылы - қаўын ҳәм қәмек,
Сонлықтан дийқанның барлығы ҳәлек,
Атызда палызлар жайғанда пәлек,
Ақ қанаттан азап көрген дийқансаң.

Дийқаншылық - бизиң кәсип-кәримиз,
Шымшық көз болғанда жаңа дәнимиз,
«Бес қонақ»қа ҳайран болдық бәримиз,
Ерте қыраў азап берген дийқансаң.

Бурынғы көллерим айланып шөлге,
Дақыллар сарғайып, зар болды ҳөлге,
Ҳәттеки аўыз суў машқала елге,
Суўсызлықтан азап көрген дийқансаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Теңиз жағасынан узап қашқанда,
Дәрьяны суў емес, қумлар басқанда,
Турақсызлар Ақтаў, Хазар асқанда,
Яратқаннан суў тилеген диййқансаң.

Суўсызлық, бийиләж турғанда сасып,
Халықтың тилеги әмелге асып,
Дәрьяға қызыл суў келгенде тасып,
Кеўилиң ҳалласлап, йошқан диййқансаң.

Күн демей, түн демей ғайратты салып,
Еткен мийнетиңе көрмедиң налып,
Бирақ та атақты басқалар алып,
Булардың бәрине көнген диййқансаң.

Кеңседе отырып жәўланды урар,
Тек қырман шашлаўда тап-тайын турар,
Диййқанның орнына курортқа барар,
Бәрин сезип, тис жармаған диййқансаң.

Мийнетте шынық қан жумыр билегиң,
Ҳаўа райы жақсы болғай тилегиң,
Ақ қағаздан пәкдур сениң жүрегиң,
Ҳадал мийнет нанын жеген диййқансаң.

Маңлай тер төгилсе қырман үйилер,
Мийнетиңе пүткил халық сүйинер,
Қаўын-қәмеклериң тилди үйирер,
Мийнет пенен даңқ көтерген диййқансаң.

Кәсиплердиң ең ағласын таңлаған,
Тиллесип жер менен, сырын аңлаған,
«Диййқан баба» деген атың жаңлаған,
Гимннен өз орнын алған диййқансаң.

## ҚОҒАМ ЖАП

Дегишти жемирген баяғы ағыс,
Сақланар тек ғана қыялда, ойда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир аўыл бөлисип, деңгене қылған,
Қоғам жап ылақаң, бекиреӊ қайда.

Қызыл суў келгенде кенарың толып,
Суўсынын қандырған тулпар да, тай да.
Бәйгиге ат қосып, байрақсыз қайтпас,
«Алым көк» сейиси Қошмурат қайда.

Мийирин қандырып сениң суўыңнан,
Бас палўан, тет палўан беллескен тойда.
Қоңырат, Шоманай күткен гүресин,
Жантөре, Жақсыбай палўаның қайда.

Нәр алып суўыңнан, лапызы бәлент,
Ҳаўазы жаңлаған сахнада, тойда.
Тарийх бетлеринде мөрленген исми,
Айымхан, Қуламет талантың қайда.

Жумысты бәнелеп туўылған жерге,
Келеди ҳәр ўақыт жылда ма, айда.
Баяғы суўында қалақ ойнаған,
Аймалап өсирген шайырың қайда.

## ШҮКИР

Естиярлы жигит болған ақлығы,
Шалғайына асылып жүр шаўлығы,
Бахытлы ғаррының қасында кемпир,
Қуп жарасар қыя тартқан жаўлығы.

Дастурханға толтырған түр жемисти,
Ҳеш жеринен табалмайсаң кемисти,
Көрип шаўлығының сайлап жегенин,
Балалық шақлары ядына түсти.

Аты өшкир себеп болып сол урыс,
Жетимлик зардабы кешти басынан,
Күн көриске билек болып жалланды,
Аўыр иске еле нарттай жасынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буйырмады бала болып, еркелеў,
Тапса жутты, таңсық нәрсе сайлап жеў,
Қатты, босы, қайсы унның наны ол,
Тек табылса, үрдис еди шүкир деў.

Пал киби қарықсыз жарық зағара,
Саққыздай қайысар наны шигинниң,
Таңлайда татыйды мазасы жүз жыл,
Сайлап емес, ал таласып жегенниң.

Жиңишке үзилип, жуўан жуқарды,
Ашлықтан қутқарды несибем-балық.
Кептирип шабақты, түйип ун етип,
Шығысты сол күннен солайша халық.

Әсте ғарры жағасына түкирип,
Шүкир етти бул күнлерге жеткенин.
Еситсе де, деди жаслар көрмесин,
Басымыздан не күнлердиң кешкенин.

## АНАЖАН

Анажаным, қәншелли сен уллысаң,
Көзге сүрме қәдем басқан жолларың.
Йош бағышлап, илҳам берер шайырға,
Гөдек көрип, сыйпағанда қолларың.

Анажаным, жүзлериңнен нур жаўар,
Ҳәр бир сөзиң даналық ҳәм нәсият.
«Қарақларым әдил болың мудам» деп,
Ҳәр күн бизге айтар едиң ўәсият.

Ҳәўес етип машын минген достыма,
Балалықта жүрдим мен де еликлеп.
Дедиң сонда «пешанада бар бәри,
Ҳадал жасап, жаяў жүрген абзал» деп.

Маңлай терлеп, қол қабарып атызда,
Болсандағы қарапайым мийнеткеш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәртебели уллар, ҳәтте, ақлықлар,
Усы шығар «берсин бахыт ҳештен кеш».

Кешиккенде кирпик қақпай күтесең,
Әлле қашшан ел басқарған улыңды.
Нөкистеги ақлықларым келер деп,
Гизнеп қойдың пенсиядан пулыңды.

## КЕТКЕННЕН КЕЙИН

Гезлескенде қушақ ашып алмаса,
Хошласарда қолын былғап қалмаса,
Сыртынан тек «паҳ» дегениң болмаса,
Дизеден димарың кеткеннен кейин.

Тили менен жаў қорғанын алады,
Азмаз ислеп сөйлемшеклеў болады,
Тек балларға бол-ҳә-болды салады,
Жаслығы хош айтып кеткеннен кейин.

Күш-ғайрат бар, май тамшылап жүзинен,
Бурын туўрап жүрген болса ириден,
Майда ислер гүжип изли-изинен,
Ол күнлер елес боп кеткеннен кейин.

Күш қайтқанын баллары да биледи,
Ақыл айтса, терис қарап күледи,
Дурыс гәпти ҳәкис айтып иледи,
Ол дәўир келмеске кеткеннен кейин.

Өмир бойы солар ушын желсе де,
Сол зийнетти иш-ишинен билседе,
Наўқасланса хабар алмас өлсе де,
Жаслығы тәрк етип кеткеннен кейин.

Батқан гезде аўырыўдың жәбири,
Көмилмей қалардай болды қәбири,
Билинер-дә ата-ананың қәдири,
Дүньяны тәрк етип кеткеннен кейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҒАРРЫ БОЛҒЫМ ... .
### (Ҳәзил)

Таяғыңа сүйенип, автобусқа минесең,
Қыйқыйысып отырған гил жасларды көресең,
Орын бермес ҳеш бири, парт боласаң, күйесең,
Көрип турып соларды, ғарры болғым келмейди.

Отыз-қырық жыл халқыңа ҳадал хызмет қыласаң,
Ҳүрмет пенен ғаррылық пенсияға шығасаң,
Саў майыплар көбейген, жан-жағыңа қарасаң,
Аңлап турып соларды, ғарры болғым келмейди.

Пенсиянды қолыңа нақлай алсаң, жетеди,
Сол пенсияң дүканға ведомостта кетеди,
Дүканшының затлары қымбатына өтеди,
Билип турып соларды, ғарры болғым келмейди.

Мерекеде атасы қалып қойып бир шетте,
Баслық бетте барлығы, жортып-желер хызметте,
Ата емес ҳәмелли ҳүрмет пенен иззетте,
Уғып турып соларды, ғарры болғым келмейди.

«Атам» демес «әкең» дер, ерине өз атасын,
Дүньяпараз атанар, ойлап солар пайдасын,
Ҳешкимниң де басына бундай күнди салмасын,
Ойлап турып соларды, ғарры болғым келмейди.

* * *

Бөлеп иззет-ҳүрметке, сыйлар үлкен ҳәм киши,
Үлги болар халыққа ҳәр бир сөзи, ҳәр иси,
Жүзлеринен нур жаўар, ысық маған түр-түси,
Жас үлкенди көргенде, ғарры болғым келеди.

Ески аўыл гүлленген, қалыспайды қалаңнан,
Зәўлим-зәўлим имарат, гербишлери қаланған,
Ҳадал мийнет, маңлай тер, алақаны қабарған,
Инсанларды көргенде, ғарры болғым келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атылғанда топ сести, қулақ пердесин тескен,
Ал самалдың орнына, қорғасыннан оқ ескен,
Жанды берип жаббарға, сол саўашта қан кешкен,
Қаҳарманды көргенде, ғарры болғым келеди.

Дийқан баба атаныпп, иске пәтти ендирген,
Ақ алтыннан, ғәлледен бәлент қырман өндирген,
Бул бахытлы турмысқа, өз мийнетин синдирген,
Мәрт дийқанды көргенде, ғарры болғым келеди.

Бир илаҳий талантты аямай берип яратқан,
Жери менен тиллесип, нәлшеден бағ жаратқан,
Алма, шабдал, жүзими дастурханға жарасқан,
Бағман шалды көргенде, ғарры болғым келеди.

Ойлап көрип барлығын, гейде пикир етемен,
Сыйласықтың барына мен де шүкир етемен,
Болғым келмес-мәзи гәп, ғарры болмай нетемен,
Алла Талам жас берип, ғарры болғым келеди.
Сол күнлерге жеткерип, ғарры болғым келеди.

## ЕЛАТСАҢ

Қудиретли ел болған соң таң қалар,
Мойнақты алғанда Мәскеў бағынар,
Деген екен сада ата-бабалар,
Ўақтында зор мәкан болған елатсаң.

Тилеўберген мақтап, жүрген жеринде,
Досжанбай әпсана болып илимде,
«Айдынлар»ың Әденбайдың тилинде,
Тарийх бетлеринде қалған елатсаң.

Дәрьяда ығысып гиддиман сеңлер,
Балықтың мәканы айдынлы көллер,
Бүгинги қәрия сол күнди еслер,
Балықларың тил үйирген елатсаң.

Аралдың арқасы мәртебең асты,
Айдының жағадан алыслап қашты,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул аўҳал қатырды не дана басты,
Тәғдирге тән берип көнген елатсаң.

Қуда берип балықшының кеўлине,
Бүгин және суў келипти көлине,
Қуслар қайтқан үйренискен жерине,
Алла Таалам нәзер салған елатсаң.

## ЖАНЫМ

Танысқан қыз пайызлы жас кешинде,
Еле жүрсең шықпай мениң есимде,
Тез-тез енип турсаң ақшам түсимде,
Түсимди шынлыққа айландыр, жаным.

Қос анарың көзге түсип қойныңнан,
Қапсыра қушақлап мениң мойнымнан,
Ләззет алып сениң ышқы ойныңнан,
Түсимди шынлыққа айландыр, жаным.

Ҳәмир етип болмас екен жүрекке,
Сүмбил шашың оратылып билекке,
Ай сығалап турды бизиң тилекте,
Түсимди шынлыққа айландыр, жаным.

Жылаўлап ышқыңа ҳәр жылўа назың,
Кеўилге шерткизип лирика сазын,
Ақ сийнең алдында ийгизип басым,
Түсимди шынлыққа айландыр, жаным.

## ҚАРҒА АРЫЗ

Ақыбетин көрмей сирә ойланып,
Сен жаўғанда жаңалық деп қуўанып,
Машынларды ГАИлер иркип, жүргизбей,
Жолаўшылар қалды жүдә қыйналып.

Көрсетпегей Қудай буннан бетерди,
Әбден таксистлердиң қудайы берди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Инсапты сандықтың төрине таслап,
Жол кирейди төрт-бес есе көтерди.

Машынасы барлар буны аңламас,
Пулы көплер минсе болды, жандалбас,
Кисе сайыз жағдай айтса таксистке,
Кийлигеди, жаяў кет дер, тыңламас.

Халық қыйналса биреўлер мәп көреди,
Пайдаланып, несийбесин тереди,
Егер Қудай әдил болса, буйырмас,
Жыйнап-жыйнап, қырғыйына береди.

Қуўанттың, кейнинен азарың өтти,
Қурдастың тайғанап, жамбасы кетти,
Сүйесемен деп асығып жүргенде,
Жорам да жығылып, көгертти бетти.

Барлығына себепшисең Қар өзиң,
Ал буның бәрине гүўаман өзим,
Арзымды еситер қулағың бар ма,
Дузсыз деп тыңланбай қалмасын сөзим.

## ТАЙСАЛМА ЖОРА

Ҳәр биреўде ат басындай әрман бар,
Бир мектептиң есигинен таралдық.
Ҳәр қайсымыз ҳәр кәсиптиң маманы
Болғаннан соң елге бизлер оралдық,

Ат дизгинин ер басына байладың,
Баслығынды ата етип сайладың,
«Пыш» дегизбей пышығыңа бираз жыл,
Қазанды да, табақты да майладың.

Ғалма-ғалдан көтералмай басымды,
Көрсетпедим тәрезиде тасымды,
Бираз жүрдим әпиўайы исши боп,
Еплеп таўып кийим-кеншек, асымды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас ўақтағы сөзинде сен турмадың,
Жорам бар деп сирә бүйир бурмадың,
Жиберсем де барлығына хабаршы,
Шақырықтың ҳеш бирине бармадың.

Аўылға барғанда келдиң бе демей,
Таныпп турып, қалғандай боп серлемей,
Қушақ ашып көрисейин деп турсам,
Қапталымнан өтип кеттиң үндемей.

Ҳәмел алдым, келдиң дәрҳал жуўырып,
Базарлыққа енапат пул суўырып,
Аспаздың қасында жалпылдап жүрдиң,
Айтпаса да қуўырдағын қуўырып.

Баяға дослықты ойыңа алып,
Турыпсаң мениң де ядыма салып,
Егер де мен түсип қалсам ҳәмелден,
Кетпейсең бе, жора, және тайсалып.

## БАЖАМА

Духи сеўип, зор түринен сайлатып,
Жалтыратып, сапогинди майлатып,
Байрам қарсаңында Нөкиске келдиң,
Бир шофёрға машынынды айдатып.
Қутлықладың байрам менен бажанды,
Балдызың тез атландырды қазанды,
Сигарет шегиўге шыққанда қоңсы,
Көзин сүзип алды сениң мазанды.
Отырыспақ даўамланып, созылды,
Кейпиң асып, қыялларың бузылды,
Дым асығып күттиң күнниң батыўын,
Қондырмақшы болып қолға қусынды.
Әтирапқа геўгим түсти қараңлап,
Әсте шықтың жан-жағыңа алаңлап,
Болып един қоңсы үйге кирежақ,
Бир овчарка киргизбеди жалаңлап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жит-жит салып ийтке еттиң айбатты,
Ол да саған қарап тисти қайрапты,
Кейин қарай дызағайлап қашыпсаң,
Ийттен қорқып көринипти жан татлы.
　　Қапа болып ийтке бираз турдың-аў,
　　Ақыры бажаңа қайта бардың-аў,
　　Ийт келтирген ашыў сирә басылмай,
　　Шай кесени липилдетип урдың-аў.
Ақ арақты «фанта» шелли көрмедиң,
Отырыспаны жалғыз өзиң бийлedиң,
Қәне қуйың тост айтайық және деп,
Басың ғуўлап, алжы-булжы сөйледиң.
　　Ҳешким сезбей сениң ишки ойынды,
　　Мәслик женди, тиклей алмай бойынды,
　　Аўып кетип дастурханға қуладың,
　　Салат тарелкаға басың қойылды.
Көтерип шоферың, бажаң бир жақтан,
Жылтыр сапог сүйретилди торпақтан,
Азанда оянып, ойланып жаттың,
Қайтқанынды қалай ҳәм де қай жақтан.

## ҚАТЫҚ ИШ, ЖОРА

Байрағың үш кесе, аңлап қарасам,
Липилдетип, липилдетип урасаң,
Ал кейнинен мийман менен исиң жоқ,
Касемсоттай қурылдыны урасаң.

Ояныўдан қолға арақ аласаң,
Еки кесе, демде пияң боласаң,
Уйқыға таслайсаң және теңкейип,
Дым пәрўайы, бир арқайын баласаң.

Сен жатырсаң тарқамаған мәслигиң,
Басың полда, аяқ бетте дастығың,
Урғанда да, тепкенде де турмадың,
Келгенинде иске шық деп баслығың.

Қысынып, қатының жортып-железди,
Қызларыңның буған ары келеди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырықтан өтсендағы нырққа келмедиң,
Қәйдем бала, қашан есиң енеди.

Үлкен балаң саған ҳайран қалады,
Дейди бунның қашан ақлы толады,
Суўық урып, ыссы өтип кетпесе,
Сабыр әйлең, бир күн келе болады.

Бул ишиўден орның болар мал қора,
Ақылың болмаса, нәсият сора,
Бир ўәсият бар айтайын, тыңласаң,
Арақтың орнына қатық иш, жора.

## СУМ ТҮЛКИ
### (Ертек)

Бир аңызды еситтим мен
Болған дейди ерте ўақта.
Түлки елге қазы болып,
Отырыпты Бөри тахтқа.

Түлки, Бөри - екеўи де
Болар екен дым өш мутқа
Дым көбейип наҳақ ислер,
Қыйын болған дейди журтқа.

Көпшик қойып сөйлеп Түлки,
Ханды әбден бийлеп алды.
Писент етпей хан басқаны
Тек Түлкиге қулақ салды.

Түлки алып занды қолға,
Шешти даўын ҳайўанлардың.
Шеше берди пайдасына,
Оның тилин таўғанлардың.

Түсинбеген мен ҳақпан деп,
Қазы алдына бара берди.
Түсингени жолын таўып,
Сум Түлкиге пара берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазы сөйлеп гәззап сөзин,
Дым көбейди урлық-зорлық.
Жатып ишер көрип пайда,
Мийнеткештиң күни қорлық.

Сум Түлкиниң ислеп жүрген
Билди Бөри барлық исин.
Көрмегенсип жүре берди,
Алғаннан соң өз үлесин.

Сол Түлкиниң арқасында
Күнде бәзим, ҳәр күни той.
Басқаның не кереги бар,
Қалай енди деп айтсын қой.

Қапталынан қалдырмастан
Ойыншы ҳәм саз-сәўбетин,
Бөри қурды шағал мәслик,
Ойлап көрмей ақыбетин.

Қазы ҳәм хан қапталында
Гил буралқы хызмет етти.
Ҳақ-наҳаққа қарамады,
Қарсы шықса жер тислетти.

Не ислесе бәрин Түлки
Деди уллы хан пәрманы.
Ханға қарсы шыға алмай,
Қурыды халықтың дәрманы.

Көтериў ушын ҳәмелге,
Соралмады уқып, ақыл,
Тек есапқа алынады,
Пулы бар ма, кимге жақын.

Ҳәўиж алып парахорлық,
Гил гөр саўат басқарды ел.
Оқығанлар атызда жүр
Қолға алып кетпен ҳәм бел.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аяқ қоса алмай заманға,
Биреў ушын кең дүнья тар.
Еки асар ебин тапқан,
Биреўге тар соқпақ - гүзар.

Бир әжайып заман болды,
Кисесинде пулы барға.
Бирақ елдиң пухарасы,
Өлмес күнди көрди зорға.

Арқа қайда, қубла қайда,
Билмесе де оң-терис парқын,
Шымшығы бүркит көринди
Қазы, ханға болса жақын.

Мурындық баласы Порсық,
Ойран етти палызларды.
Ақшам келип мәс ҳалында,
Азаплады Қоразларды.

Қол салды ол Мекийенге
Көзинше ата Қораздың.
Баласыман деди ханның
Зейнине тийди бираздың.

Порсыққа шық деп жекпе-жек,
Шыдамай Сағал шақырды.
Тийме деп мийман зейнине,
Қораз Сағалға бақырды.

Қарсыласып Порсық пенен,
Сағал тумсығы уўылды.
Болысаман деп Таўыққа,
Елинен өзи қуўылды.

Төрт тәрепи болып қубла,
Оған етпес ҳешким кесент,
Жалғыз дайысы Жалғызақ
Ким болсаң да етпес писент.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күндиз уйықлап түни менен,
Басқылады дақыл қоймай.
Көрингенди тонай берди,
Дүньяға ҳеш көзи тоймай.

Ҳәтте алыс жийенлери
Көзи көрер, кеўли соқыр.
Мерекеде муштай болып,
Жасы үлкеннен төрде отыр.

Әри шыдап, бери шыдап,
Әбден сабыр кеса толды.
Ақырында аўдарыспақ
Ететуғын ўақыт болды.

Барлық ҳайўан жаннан тойды,
Иси айланды кериге,
Төрт-бес Сағал тил биригип,
Қарсы шықты хан Бөриге.

Бул көринис ҳәўиж алып,
Астан-кестен бола қалды.
Мен не қылсам деген қыял
Сум Түлкини ойға салды.

Қуйрығы менен ойласып,
Тоқтады ол бир шешимге.
Бирақ та тапқан ақылын,
Айтпады сирә ҳешкимге.

Заманың саған бақпаса,
Заманға деди өзиң бақ.
Қымбат ҳәм сулыў теринди,
Сақлаўдың тезден жолын тап.

Түлки сезип алдын болжап,
Келешекти көре билди.
Халықтың алған бағдарына,
Халықтан бурын жүре билди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағал өткерди мәжилис,
Жыйнап барлық халықты.
Айырыў ушын елдеги
Наҳақлық пенен ҳақлықты.

Билейин деп хан аўҳалын,
Сум Түлки сырттан қарады.
Жақлаўшы аз, ал қарсылар,
Көп екен турып санады.

Атылып шықты минберге,
Дым ғәрийп көрсетип өзин.
Тилге шешен ол сөйледи
Пал тамызып ҳәр бир сөзин.

Бөри пақыр тәме етти,
Түлки мени ақлайды деп.
Сағал ойлады Түлкини
Табақласын жақлайды деп.

Сум Түлки былай баслады,
Қоллайман деп Сағал сөзин,
Ҳақыйқатлық умыт болды,
Жойыў керек ханның көзин.

Бөри елге хан болғалы,
Көрген күнимиз қурысын.
Бүлгин салып өз елине
Көриң деди хан турысын.

Елге керек ҳадал басшы,
Сезип жүрмен буны өзим.
Усынаман мен Сағалды,
Деп туўарды Түлки сөзин.

Бул сөзине хан Түлкини,
Жиннен бетер көрди жаман.
Ханды жақлап сөйлегенлер
Аўып кетти Сағал таман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Наҳақ иске қолды урсаң,
Паш боларың анық ақыр.
Өзи билип ис тутпай хан,
Тахттан жуда болды пақыр.

Ерип Түлкиниң сөзине,
Саў басына саўда салды.
Ал сум Түлки таўып ебин,
Абырайын сақлап қалды.

Қарсы шығып өз ханына,
Қаҳарманға ол айналды.
Сағал ханы, ал сум Түлки,
Бас ўәзир болып сайланды.

Елдиң ғамын ойлағанға,
Бас ўәзирлик аўыр талап.
Бирақ Түлки үйренбеген,
Ҳадал ислеп, етпей қылап.

Жанын қыйнап сөз жүзинде,
Қара басының ғамын жеп.
Тур уялмай ўәде берип,
Дүзеймен елди өзим деп.

Марапатлар таза ханды,
Сум Түлкиде көп ғой илим,
Шығып алды оң жағына,
Сағалдың да таўып тилин.

Ийилип Бөри алдында
Сәлем берип турса бурын.
Ҳәтте сәлемин алмады,
Енди оған қарап қырын.

Ҳәр күни кирди алдына,
Сағалдың төрт бүгилип.
Ол өзин искер көрсетти,
Ел ушын жүрген жуўырып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойласқан болып Сағалға,
Ислей берди өз билгенин.
Қуйрығысаң деп Бөриниң,
Қуўдалады жек көргенин.

Кир излеп тырнақ астынан,
Қойды бөлеге басларын.
Жер аўдарып, қуўды елден,
Ағызып көзден жасларын.

Тек өзине унағанның
Жаман тәрепин жасырды.
Хан көзине ай көрсетип,
Мақтаўын әбден асырды.

Солай Түлки сөз жүзинде
Қайта қурды ҳәм қурылды.
Түлки ғой ол негизинде
Ислеген иси бурынғы.

## ОШАҚ ТУРМЫСЫ
## (Тымсал)

Там басына салынған
Ақтеректиң Шақасы
Баслық болды Ошаққа,
Келмесе де шамасы.

Жумысқа келген күннен-ақ,
Гүжирейтип еңсесин.
Кадрларға тийисип,
Тазалады кеңсесин.

Дүзеймен деп жумысты,
Минберде турып, сөзледи.
Ал әмелде ис емес,
Тек «жеў» жолын изледи.

Шақа баслық жыл өтпей,
Тек қалтасын толтырды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мекемеси ғаўжырап,
Банкротқа отырды.

Сонда үлкен мекеме
Гүңгирапеш ашылды.
Соған баслық боламыз деп,
Отынның бәри шашылды.

Там басында қолы жоқтың
Болжаўлары қәте шықты.
Гүрлеп нәҳән баслық болып,
Шақа сонда өтә шықты.

Ал Ошақтың аўҳалы
Күннен-күнге болды қыйын.
Баслық сайлап аламыз деп,
Өткерилди бираз жыйын.

Усынғанның барлығы
Алла-жалла болмаймыз дер.
Зорлық пенен уйғарылды,
Баслық болып Көмир искер.

Солайынша Ошаққа
Қара Көмир баслық болды.
Өз исиниң маманы ол
Ҳәмме ниң де кеўли толды.

Шығысы да дым төменнен,
Мийнет пенен көрген күнин.
Билим, уқып арқасында
Баслық болды, мине, бүгин.

Уңқыл-шуңқылын үйренип,
Мекемени аралады.
Қарамастан шығысына,
Кадрларды саралады.

Маңғал бетте Самтық отыр,
Креслода ҳоппыйып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызметинде жортып-желип,
Сексеўил жүр сымпыйып.

Сынап көрсе бул Сексеўил
Ҳәр иске бар уқыбы,
Зейни илгир ҳәм саўатлы
Болғаны менен жупыны.

-Қолыңнан ис келмейди
Деди қысып Самтықты.
-Енди жақсы ислеймен деп,
Жалбарынды, қамсықты.

-Қолыңнан сениң келер ис
Боласаң деди тамызық.
Ҳәмелден алды Самтықты,
Көзиниң жасын ағызып.

Ал орнына Сексеўил
Баслық болып сайланды.
Сонда ғана Маңғалдың
Иси оңға айланды.

Орынбасар Шөпшекти
Алдына шақырып алады.
Сынамақ болып жортаға,
- «Күн көрис» қайдан сорады.

-Тап ҳәзирги жағдайды
Билесең-ғой өзиң де.
Кисенде пул болмаса,
Тыңланбайды сөзиң де.

Соның ушын, ақсақал,
Меннен жумыс сорама.
Пайда қайдан, түсим қайдан
Таўып берсем бола ма.

Сынақта өзи турғанын
Деди Шөпшек сезбестен.
Пейлин билип, ҳәмелден
Босатты екиленбестен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шығысы төмен болса да,
Уқыбына қаралы.
Көп ислеген Томарды
Орынбасарлыққа алады.

Гейде от-шөп, гейде отын
Бас есапшы Қамыс екен.
«Сизиң айтқан болады» дер,
Қалмаған ҳеш намыс деген.

Ҳәмелинен айырылды
Солайынша Қамыс та.
Қақ Жыңғыл болды орнына,
Қайнап, пискен жумыста.

Солай етип, Ошақта
Жумыс ҳәўиж алады.
Шақа еткен банкроттың
Орны еплеп толады.

Баслық әдил болған соң,
Ҳәмме иске киристи.
Күннен-күнге мекеме
Абырайға ерисги.

Қолынан ис келмеген
Бир баслығы себепли.
Гүрлеп турған Гүңгира
Күннен-күнге жүдепти.

Бул жағдайдан хабар таўып,
Моры беттен сәлем кепти.
Томардың жоқ жылыўы,
Жумыстан тез шығар депти.

Ал орнына Ақтеректиң
Отырғыз генже Шақасын.
Тамызық болсын Шақаға,
Томар да иссиз қалмасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Усынысқа қайыл болмай,
Тирсек Көмир турып алды.
Төбе жақтан тексериўлер
Мекемеге зәўлим салды.

Баслық болып, аса кетип,
Ериткенсең деп Темирди,
Еплеп таўып бир қыйтығын,
Ҳәмелден алды Көмирди.

Баслық етип мекемеге
Генже Шақа қойылды.
Тап сол күннен баслап-ақ
Әдалатлық жойылды.

Уқыбы жоқ таза баслық,
Көс орнына көз шығарды.
Жумыс бермей мекемеден,
Қуўды Көмир пақырды.

Иләж қаншы, жата алмас,
Бағыў керек бала-шаға.
Көмир Күлге қосылып,
Кетипти дейди саўдаға

## АҢҚАЎ ШОРТАН
### (Ертек)

Балықшылар ермекке
Акуланың шабағын
Көл ишине таслады.
Жас болса да Акула
Теңиздеги үйренген,
Қыңыр исин баслады.

Акуланың хабары,
Әззиге берген азары,
Шортанға да жетеди,
Неге деди келгинди

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүлдиреди көлимди,
Деп ашыўға минеди.

Шортан теңиз көрип пе,
Акула қандай билип пе,
Әбден үйип қабағын,
Жағадан услап бақырды,
Жекпе-жекке шақырды,
Акуланың шабағын.

Шортан менен Акула
Есап-санақ қылмаға,
Кең майданға шығады.
Акула еле жас бала,
Уқыбы да жоқ шала,
Шортан урып шығады.

Акуланың баласын
Көрдик Шортан урғанын,
Деп көргенлер айтысты.
Акуланы мәрт Шортан
Бир урғанда нан қылған,
Деп еситкен тартысты.

Келипти көп Акула,
Көлге салық салыўға,
Бәрин Шортан қуўыпты.
Еситкеннен еситип,
Бул хабарды бөршитип,
Өсектен өсек туўыпты.

Шортан еткен мәртликке
Қосымтасы қосылып,
Даўыл болып еседи.
Солай етип күн-күннен,
Көл ишинде Шортанның
Абырайы өседи.

Ел аўызын аңлыған
Бул хабарды тыңшылар

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайынға да жеткерди.
Гүдикленип бул истен,
Жыйнап ақылгөйлерин,
Мәжилисти өткерди.

Ел арына тырысып,
Акула менен алысып,
Шортан мәртлик етипти.
Ел ишинде Шортанның
Абырайы бизлерден
Жүдә артып кетипти.

Қаратып буған итибар,
Тезден илаж қылмасақ,
Тахтқа қәўип туўады.
Ақыл менен ис тутып,
Айтың қалай Шортанды
Аласласақ болады.

Зорға жүрер еринип,
Кербазланып керилип,
Табан балық сөз алды.
Асықпай сөз баслаўға,
Кейпиятты аңлаўға,
Әтирапқа көз салды.

Шөп ысырып көрмеген,
Қуры тили сөйлеген,
Қолынан ис келмейди.
Дана көрсетип өзин,
Көрингенге ақыл сөзин
Айтыўдан басқа билмейди.

Қайта-қайта керилип,
Қыймылдаўға еринип,
Табан сөзин баслады.
Жоқ жерден жала жаптырып,
Сөз жүзинде Шортанды
Түрмеге қамап таслады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылан балық ортаға
Шығып, деди билемен
Қурытыў жолын Шортанды.
Бул не айтар екен деп,
Екеў-ара ҳәр жерден
Сыбыр-сыбыр басланды.

Бунда күш бар таң қалар,
Таза суўдан нәр алар,
Ҳәўизге оны жибериң.
Бекирени босатып,
Ал Шортанды орнына
Ҳәмел берип көтериң.

Мени айтты дерсизлер,
Шортан яңлы көзсизлер
Ҳәмелге қызып барады.
Өмириниң солғанын,
Бир күн жемтик болғанын,
Өзи де сезбей қалады.

* * *

Баслық болып ҳәўизге,
Бурынғы ўәзирлериниң
Шортан бәрин қуўады.
Қурғақ жақтан қолы бар
Жылан менен Бақаны
Ўәзир етип қояды

Жан-тән менен төккен тер,
Ҳәўиздеги нағыз ер,
Бас ўәзири Сыланы.
Баҳаламай мийнетин,
Қуйрығы деп ескиниң,
Қатты сынға алады.

Жылан менен Бақаның
Жылмаңлап келип айтқанын

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хат-қәлем деп биледи.
Оңлы-солын аңламай,
Дана сөзин тыңламай,
Шуғыл сөзге ереди.

Қазна есап-санағын,
Елге келген қонағын,
Жүрди Жылан жайғастырып.
Наразылар арыз қылса,
Даў яки бир жәнжел болса,
Бақа отырды бастырып.

* * *

Мийманға Торай келеди,
Хызметте жортып-желеди,
Толтырып асты қазанды.
Әбден тойдырып тамағын,
Шытпасын деп қабағын,
Шығарып берди Сазанды.

Айтпақ ушын мийманын,
Қалай күтип алғанын
Келди Жылан ысылдап.
Барлық хызмет бизики,
Ал абырай сизики,
Деди күлип мырсылдап.

Еле мийман келеди,
Бизге нәўбет береди,
Айтты Бақа ўарқылдап.
Сонда мени билесиз,
Күткенимди көресиз,
Деди күлип ғарқылдап.

Еситип буны Торайдан,
Жоллама алып тоғайдан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келди Сағал қызығып.
Мен Торайдан тетемен,
Суўынды деди кетемен,
Басқа жаққа ағызып.

Елинде зорға жүргенлер,
Басқа жақтан келгенлер,
Қырғый болып көринди.
Ғаррысы менен баласы,
Ақмағы менен данасы,
Барлығы да бүлинди.

Сағалға хызмет қылмаға,
Нәўбет келип Бақаға,
Алды бәрин мойнына.
Алдына гелле қойғызып,
Улығанша тойғызып,
Ақшам кирди қойнына.

Бақа менен Жыланның
Ислеген ҳарам исине
Суў да айный баслады.
Күн артынан күн өтип,
Тартылып суўы ҳәўиздиң,
Әдеўир тап таслады.

Көнликпей бул жағдайға,
Таза суўға үйренген
Шортан ҳалдан таяды.
Пайдаланып жағдайдан,
Бийликти алып қолына,
Зәҳәрин Жылан жаяды.

Солай етип Жайынның
Сумлығы асып әмелге,
Шортан көзи жойылды.
Патас суўға үйренген
Баслық етип ҳәўизге
Жылан балық қойылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮЙЛЕНГИШ ВОЛГА
### (тымсал)

Москвич бир күн Волганың
Көзине түсип қалыпты.
Дәрҳал барып Москвичке
Волга машын сөз салыпты.

Солайынша екеўи
Ашық-машық болып жүрди.
Ерли-зайып болыўға
Екеўи де женди түрди.

Шашатуғын ўақ келди,
Өмиринше жыйнағанын.
Белгиледи бир күнди,
Көрмек болды той әнжамын.

Анда шап та, мында шап
Жүр еди Волга зырылдап.
Өтип кетти бир Тико
Волга алдынан зуўылдап.

Шаққанлығы Тиконың
Волганы дым ҳайран етти.
Наз бенен бир қарап-ақ,
Жүрек-баўырын ўайран етти.

Ҳеш бир иске Волганың
Қолы сирә қалды бармай.
Бул Волгаға ҳеш қашан
Жолықпаған гөззал бундай.

Аўданлап барып әсте,
Сол Тиконы тартты сөзге.
Деди саған ашықпан,
Керек емес сеннен өзге.

Шырайлы ҳүсниң менен
Алдың меннен ақыл-ести.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқан гәпи Волганың
Тикоға да мақул түсти.

Билер еки кемеге
Асылған суўға кетерин.
Солай етип бул Волга
Москвичтен үзди гүдерин.

Енди оннан қәйткенде
Қутылыў жолын изледи.
Бир күн келип Москвичке
Волга былай деп сөзледи.

-Сен неге Жигулиге
Көз алдымда ыржаңладың
Сизлердиң араңызда
Ым-жым барын мен аңладым.

Тамам болды шыдамым,
Қылўаңа мен тойдым,- деди.
-Маған керек емессең,
Сени енди қойдым,- деди.

Кетти неси Москвичтиң,
Айттырып Жигули келди.
Екеўи басын қосып,
Той берди шақырып елди.

Бул оған мақул түсип,
Қарамады оңлы-солға.
Кейнин ойлап көрместен,
Тикоға үйленди Волга.

Волга жумыс иследи,
Шығыны көп, аз табысы.
Қарағанда исине
Көбейди үйде жатысы.

Ал Тико табар дүнья,
Ақтаў-Хазардан айланып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Волгада ҳеш табыс жоқ,
Көрсе Тико сәл ойланып.

Сол күнлери жүр еди,
Нексия қалмай изинен.
Өзи де дым сүйкимли,
Пал тамызар ҳәр сөзинен.

Тико менен Нексия
Базарда бир саўда етти.
Арқаланып екеўи,
Ақтаўға да бирге кетти.

Волга күтип алмады,
Ақтаўдан келгенде ҳарып.
Буған шыдамай Тико,
Шаўқым салды үйге барып.

Қуўды Волганы үйден,
Пайдаңнан көп деп зыяның.
Зайыбы болып алды
Үйленбеген Нексияның.

Жүрип Волга қаңғырып,
Көрди бир күн Дамасты.
Ашық болып қайтадан,
Әбден көзлери қамасты.

Берди питпес ўәдени,
Пидә деп жаным жолыңа.
Өтирикти сулқыйтып,
Кирди Дамастың қолына.

Ҳә демей-ақ паш болды
Волганың барлық айыбы.
Шыдамады бул иске
Қолына алған зайыбы.

Үйден қуўып Волганы,
Турмысқа шықты Газелге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал Волганың қалмады
Қарағандай бети елге.

Келди Волга Москвичке,
Бетсизде уят бола ма.
Жигули ашыўланып,
Деди бул жерге жолама.

Сонда да келе берип,
Жигулиден жеди таяқ.
Гүрлеген Волга қалды
Фары сынып, сылтып аяқ.

Волганың бул жүрисин
Аяды көрип бир күн Уаз.
Ақыл айтты үйлен деп,
Үйинде байсыз отыр Заз.

Ҳәтте Заз да тиймеди,
Қайтып келген еки байдан.
Шыдамай ол күйикке,
Ишти барып жаман майдан.

Жүрек стук, болды кесел.
Жапсағы болмастай келе.
Қасында үйдиң Волга
Шаңға батып жатыр еле.

## ҲӨКТЕМ ХАН
### (ертек-поэма)

Бул елатта әдил заң бар,
Еситкенлер таң қалады,
Гил батырлар күш сынасып,
Жеңимпазы хан болады.

Әрман етер сонлықтан да,
Ҳәр бир бала болыўды хан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Билекке күш топлаў ушын,
Машқ етиўди әдет қылған.

Күннен-күнге бул елатта,
Көбейди мәрт батыр саны,
Батырлыққа умтылады,
Көкиректе болса жаны.

Ел қорықпайды батыры көп,
Қайдан, қандай келсе де жаў.
Жигитлери талқан қылар,
Қарсы алдында турса да таў.

Және де зор жери заңның,
Илимге де дыққат бөлди.
Ең данасы ўәзир болып,
Басқарады әдил елди.

Елде ҳәр бир басшы-қосшы,
Көп оқыўға тырысады.
Әскерге көп шығын қылмай,
Ақыл менен урысады.

Ханы ҳәм де батырлары
Ақыл кереклигин аңлар.
Мейли урыс, мейли исте
Даналардың сөзин тыңлар.

Тыңланады дана сөзи,
Халыққа унар бул әдети,
Күш ҳәм ақыл бириккен соң,
Асар елдиң қүдирети.

Қәўип туўмас жаўдан келген,
Шарўа еркин малын бағар.
Атыз-атыз дақыл егип,
Дийқан молдан қырман алар.

Халқы әбден қурғынласып,
Мәртебеси елдиң асты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарай, мешитлер салынды,
Жонып, қалап, мәрмер тасты.

Кең жол ашып илимге де,
Медреселер көп салынды.
Дүньяның шар тәрепинде,
Шыққан китаплар алынды.

Суў жоқ жерге суў апарды,
Жап қаздырып, жыйнап белдар.
Бир әжайып болды заман,
Деген «жесир мың қой айдар».

* * *

Бир нанбайшы болды елде,
Порсылдатып шөрек жапқан.
Жас гезинде батыр болды,
Ели ушын жаўға шапқан.

Бир әрманы болды оның,
Хан болсам деп әдил елге.
Күни-түни машқы өткерди,
Қарыў-жарақ асып белге.

Қанша машқы өткерсе де,
Сынаспақта жеңе алмады.
Хан болмасқа көзи жетип,
Нанбай кәсипти таңлады.

Болды оның жалғыз улы,
Хан болар деп үмит күткен.
Өлимнен де шегинбестей,
Қайтпас, қайсар минез питкен.

Қатарынан қайтпасын деп,
Ҳөктем қойған атын оның.
Семсер берип, ат миндирди,
Хан болсын деп ойлап соңын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алаң қылмай оны иске,
Барлық жағдайды жаратты.
Жыйған-терген бар дүньясын,
Машқы жолына қаратты.

Арадан көп жыллар өтти,
Қайың жигит болды бала.
Сом билекке берген күшти,
Аямастан Алла-таала.

Беллескенде ғужырланып,
Өз қатарын шыдатпады.
Көз ушында ушқан қусқа,
Оқ жай тартса, мулт атпады.

Күш сынасыў келди пайты,
Пайда берди машқы жастан.
Бул сынақта басым келди,
Күши барлық қарсыластан.

Орынланып шәрти заңның,
Хан көтерди халқы оны.
Нанбайшының кеўили тоқ,
Өмир бойы күткен соны.

Ҳөктем елге ҳүким сүрди,
Әкесиниң сөзин тыңлап.
Бас ўәзирге даналардың,
Ең ағласын алды сайлап.

Ҳәр бир шешим жети өлшеп,
Ойласып ис қабылланды.
Сол дәўирде хан болғанның,
Ең әдили деп атанды.

* * *

Ғәррем атлы болды жигит,
Ҳөктем менен өскен ойнап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батырлықтан даў жүрмеди,
Машқ етсе де жанын қыйнап.

Илим менен шуғылланды,
Ўәзирликке етип талап.
Илим-билим жолында да,
Нан писпесин билди аңлап.

Жете алмады мақсетине,
Түрли сумлық ойлап көрди,
Келип Ҳөктем жорасына,
Қупыя бир ақыл берди.

Қанша азап, қанша машқы,
Зорға жеттиң мурадыңа.
Мен айтайын бир жолы бар,
Қалсын ханлық зүриядыңа.

Төркинине түсинбестен,
Батыр аңқаў аңқылдады.
Буның жолы болса егер,
Ислеймен деп паңқылдады.

Бар деди Ғәррем жымыйып,
Жеңбейди билек қарыўы.
Тек екеўимиз арамызда,
Керек сыр болып қалыўы.

Сыбырласып көп ойласты,
Қалып екеўи оңаша.
Хан сарайда ҳәп заматта,
Тәртип орнады жаңаша.

Бас ўәзирди, даналарды,
Қатнастырмай ойласықта,
Шеше берди барлық исти,
Тек екеўи ойласты да.

Гуман еткен батырлардың,
Бәне таўып, жойды көзин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳешкимниң басқа Ғәрремнен,
Тыңламады ақыл-сөзин.

Сонша қаржы сарыпланып,
Неге керек илим деди.
Оннан түсер нақ пайда жоқ,
Аш қарынға билим деди.

Ислең деди дийқаншылық,
Айтқан пәрманын ендирди.
Мешиттеги мектеп молла,
Қырман-қырман дән өндирди.

Алыў ушын халықтың дәнин,
Дым көбейтти салық түрин.
Кәрўан жоллап шет журтларға,
Зер-тилланың жыйды бәрин.

Аяқ асты қылып елин,
Қызығына түскен пулдың.
Нанбайшы ханның әкеси,
Қыңыр исин сезди улдың.

-Улым тыңла бир сөзимди,
Бүлинбесин салтанатың,
Деп нанбайшы Ҳөктем ханға,
Айтты билген нәсиятын.

Қара балам өтмишиңе,
Сақладым ғой маңлай терге.
Бунша неге тоймай көзиң,
Өш боласаң алтын-зерге.

Жолдан сени урып жүрген,
Жоқ қыл Ғәррем сур бетинди.
Дүнья деген қолдың кири,
Тикле қайттан ҳүрметинди.

Сонда, деди Ҳөктем турып,
-Араласпа хан исине.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сезип сөзи өтпеслигин.
Қайтты нанбайшы пәсине.

Писент етпей әке сөзин,
Тыңламады ана сөзин.
Китап ашқан даналардан,
Ақыллыман деди өзин.

Бас көтерген мәрт табылса,
Пәрман берип  деди «зиндан».
Ақыл айтса данаман деп,
Көрген күни ахырзаман.

Кирип анық исенимге,
Бас ўәзири Ғәррем болды.
Пәрман болып ҳәр бир сөзи,
Көзи әбден қанға толды.

Жансызларды жаллап қойды,
Тысқа емес, халық арасы.
Ханға қарсы сөз айтқанның,
Сол күн толды пайманасы.

Билимпаздың кетип қәдири,
Барлық медресе жабылды.
Қолға кетпен, орақ алып,
Оларға да ис табылды.

Керек болмай қойды машқы,
Батырлардың кеўли суўып.
Аштан өлип қалмайық деп,
Кетти бәри дүнья қуўып.

Данасаң ба, батырсаң ба,
Хан көзине илинбеди.
Ҳеш бириниң тәғдири де,
Шыбын шелли көринбеди.

Бир теңгелик баҳа бермей,
Жүз дананың ақылына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың батырды тең көрмеди,
Ғәрремниң бир тырнағына.

Солай халық кеўилинде,
Илим деген ықлас сөнди.
Билеги жумыр жигитлер,
Батыр болмаслыққа көнди.

* * *

Ҳөктем сүрген бул сиясат,
Солайынша даўам етти.
Ҳөктем-ханы, Ғәррем-ўәзир,
Айлар өтти, жыллар өтти.

Әдалатлық кетип әбден,
Көз жаслар айланды селге,
Салық жыйнап, әскер тутпай.
Енди қәўип туўды елге.

Еситилди суўық хабар,
Киятыр деп бул елге жаў.
Хан сарайда ҳәўиж алды,
Күнде жәнжел, ҳәр күни даў,

Дурыс бағдар бере алғандай,
Қалмаған елдиң данасы.
Я жаўға қарсы шыққандай,
Қалқан болар жоқ панасы.

Не қыларын билмей сасып,
Хан изледи Ғәррем достын.
Қайларғадур қашып кеткен,
Көрпесине орап постын.

Жаў қуйылды тыныш елге,
Шапты ҳәм шаныштты даралап.
Ел басқарған сарайлылар,
Қашты басларын паналап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елдиң көрки, сәни қызлар,
Айдалды айланып тулға.
Салтанаты ҳәм саўлаты,
Жигитлер айланды қулға.

Иси оңға шапқан гезде,
Тыңламай әке-шешесин.
Қолы артқа шатылғанда,
Аңлады хан кеш қәтесин.

Душпан бетте Ғәррем досты,
Жүр сандалап елдиң сырын.
Қара бастың ғамы ушын,
Өз елине қарап қырын.

Жаў айбынып бетлемеген,
Қүдирети асқан елди.
Мәңги хан боп қаламан деп,
Өз қолынан жаўға берди.

Ҳөктем Ғәррем болса басшы,
Бийгүна қан сел боп ағар.
Бәлким, «ҳөктем», «ғәррем» сөзи,
Тап солардан қалған шығар

## АРЫСЛАННЫҢ СЫНАҒЫ
### (Ертек)

Аўыл жақын, тоғай шети,
Өсер қамыс ҳәм боян.
Қосық айтып келе берди
Көзи қыйсық бир Қоян.

Дәрбент жолда жатырыпты
Бир айбатлы Арыслан.
Сезгир қоян Арысланды
Көзи илди алыстан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қойып қолын көкирекке
Қапталына барады.
Әдеп пенен сәлем берип,
Ҳал-аўҳалын сорады.

Теңиңиз жоқ бул дүньяда
Биз сыйынған батырсыз.
Ҳүрметли хан, мазаң жоқ па,
Жолда неге жатырсыз.

О, уллы хан, биз мудамы
Хызметиңе тайынбыз.
Сорасаңыз сизиң ушын
Жан бериўге қайылмыз.

Сынамақ болып Қоянды,
Деди жорта Арыслан,
-Қақпанға түсип азанда,
Майырылып жатырман.

Босанбақшы болып едим,
Сынып кетти аяғым.
Келип қалыпты ийеси,
Жедим және таяғын.

Сыныпты жети қабырғам,
Урып еди бел менен.
Қозғалажақ болсам егер,
Сызлайды пүткил денем.

Мениң дым шатақ болып тур
Аўҳалым, Қоян мырза.
Бүгин таңнан шыға алмасам,
Болғайсаң маған ырза.

Еситип буны қуўанды,
Гәўҳар тапқандай жерден.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалынғанын қойып дәрҳал,
Өзгерди Қоян бирден.

-Жолды босат-деди Қоян,
Заңғар неге жатырсаң.
Болар еди бизге тәўир
Қаранды сен батырсаң.

Алып бир қысым топырақ,
Бетине кетти сеўип.
Қарап кетпей азап берди,
Урды ҳәм алды теўип.

Илажсыз деп Арысланды,
Жүрди Қоян ғоддаслап.
-Ўай-ўай, урма,-деп жалынды,
Көзин жортаға жаслап.

-Сен ушын бул да аз деди,
Шошайтып суқ бармағын.
Жаўыз хан болдың, мен сеннен
Керек ғой өш алмағым.

Әри-бери не қылар деп,
Шыдады кейнин бағып.
Оннан сайын ҳәўиж алды,
Ҳәр түрли насақ тағып.

Орнынан әсте турды да,
Арыслан бир ақырды.
Тоғайдағы бар ҳайўанды
Қапталына шақырды.

Бундай боларын күтпеген,
Қалды Қоян албырап.
Не қыларын билмей састы,
Қос дизеси қалтырап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бөри, Сағал, Түлки, Порсық,
Келди бәри жәм болып.
Тур не аўҳал болды билмей,
Ҳәр ким өзинше шолып.

Ҳәммеден де киши Қоян,
Тоғайдың ең еркеси.
Барлық ҳайўан келгеннен соң,
Ашылды бет пердеси.

Деди Арыслан -Қоянға
Беремиз қандай жаза.
Сонда Бөри турып айтты,
-Оҳ гөши қандай маза.

-Кешиң бир қасық қанымнан,
Деп ийди Қоян басын.
Сорай баслады кеширим,
Көзиниң булап жасын.

Көз жасын буласа да,
Арыслан кеширмеди.
Таслап Бөриниң алдына,
-Сен ушын саўға деди.

Шубырып силекейи,
Бөри көзин сүзеди.
Шапқанын ис насырға
Қоян аның сезеди

Қапталдағы шеңгелликтен
Бир секирип асып өтти.
Аңқаў Бөри аўзына
Ылай сыйпап өтә кетти.

Бул аўҳал Арысланның
Ғәзебин келтиреди,
Бөриге Қоянды же,
Деп пәрман бериледи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан барлық Бөри
Көреди Қоянды жек.
Егер қолға түсе қойса,
Сол замат қояды жеп.

Солай етип Қоян, Бөри,
Бир-бирине болған жаў.
Тап соннан бери бул Бөри
Тек Қоянға етер аў.

Тийипти барлығына
Кесири бир Қоянның.
Жаў келген болып сезилер
Тысырлысы боянның.

Жойтпаған күшин пәрман,
Өтсе де талай заман.
Тап болса Қоян Бөриге,
Жибермес ҳеш ўақ аман.

## ҚУЛАҚСЫЗ БАЛА
### (Ертек)

Жаңа жылдың алдында,
Сегиз жасар Карамат,
Досларының үйлерин
Шықты бир-бир аралап.

Расулдың үйинде
Аквариумда балығы,
Қызыл, жасыл бири көк,
Суп-сулыў-аў барлығы.

Илҳамжанда тоты қус,
Дән, суў берип жүреди.
Айтқанынды өзиңе
Қайта айтып береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Султанбекте бөдене
Пыт-пытлайды күн-түни.
Сақласам деп мен де қус,
Қыял етти бир күни.

Деген менен күн суўық,
Баралмады қалаға.
Үйдиң иши жып-жыллы,
Ал қарасаң далаға.

Көз аштырмас суўығы,
Үргин үрип, қар борап.
Хат жоллады Сантоға
Сайрайтуғын қус сорап.

Жаңа жылдың ақшамы
Шырт уйқыда жатқанда,
Бүлбил сайрап, усады
Бәҳәр таңы атқанға.

Көзлерин ашып қараса,
Алтын қәпес қолында
Аяз баба турыпты,
Деди «түс пе, оңым ба?».

Қуўаныштан Карамат
Турды ушып орнынан.
Алғанына саўғасын
Аяз ата қолынан.

Компьютерде ойынлар
Тез ядына түседи.
Қәнәәтсиз кеўили
Және саўға күседи.

Қыйылып Аяз бабаға
«Компьютер бер», деди ол.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таяғын басып қағазға,
Деди «тилек бәржай бол».

Тайын болды компьютер,
Дым көп екен ойыны.
Мәс боп қалды Карамат,
Қуўаныш толы қойыны.

Деди Аяз атасы:
«Саў бол, балам, аман қал,
Бирақ та сен еринбей,
Қағыйданы оқып ал».

Қағыйдада жазылған:
«Апаңа жәрдем бермегиң,
Тек бос ўақта компьютер
Болсын сениң ермегиң.

Дән, суў берип қусыңа,
Тазалап тур қәпесин.
Тәкирарлап журмегил
Шалабайдың қәтесин».

Лекин, бала умытты
Қағыйданың сөзлерин.
Отыра берди жайында
Ойыннан үзбей көзлерин.

Умыттырды қусын да
Компьютердиң қумары.
Қәпестеги қусының
Аштан қурыр димары.

Жайынан шығып қараса,
Я қәпес жоқ, я қус жоқ.
«Компьютерим бар-ғой», деп,
Караматтың кеўли тоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Компьютер де жоғалған,
Кирип барса жайына.
Бир бет қағаз қалдырған
Караматтың пайына.

«Арзыўларға еристиң,
Келип әўмет, болып жол.
Қағыйданы оқыдың,
Қулақсыздың ҳақы сол».

Деген жазыў қағазда,
Анық көрди көзлери.
Уялғаннан қып-қызыл
Болып кетти жүзлери.

Тыңлаң, әзиз балалар,
Жас үлкенниң сөзлерин,
Ибрат алып исинен,
Сыйлаң мудам өзлерин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

ШҮКИРЛИК. ....................................................................................3
ШҮКИР ЕТ. ......................................................6
ТӘН БЕРМЕЙ БОЛМАС. ..............................11
АЎЫЛ. ..................................................................12
ПЕРЗЕНТИ. ........................................................16
АДАМЛАР. ..........................................................18
БИРЕЎ. ..............................................................22
ТЕГИН ТЕСИП ШЫҚТЫ. .........................................................25
ҲАЙРАНМАН. ................................................29
БАРАТЫР. ..........................................................31
НЕ ПАЙДА. ......................................................................................3
ЖАПЫРАҚ. ..........................................................6
СУҢҚАР. ..........................................................11
САҒЫНЫШ. ......................................................12
ЖУМБАҚ. ........................................................16
ТУҢҒЫШ МУҲАББАТ. ...............................18
МОЙЫНЛАЎ. ..................................................22
НАЎРЫЗ. ..........................................................25
СӘЛЕМНАМА. ..................................................29
САДАҒАҢ КЕТЕЙИН. ......................................31
ҚАН БАСЫМ. .......................................................................................3
БИР НӘЗӘЛИМ БАР ЕКЕН. ........................................................6

www.ziyouz.com kutubxonasi

МЫҢ ҚЫЗ ИШИНЕН. ....................................11
САЎШЫ. ....................................12
ҚАРЫЗЫ БОЛСА. ....................................16
СУЎЛАР АҒАР БИЗДЕН СОҢ ДА. ....................................18
ЕҢ АЎЫР ЖҮК. ....................................22
ЖҮРЕГИМ ҚӘСТЕ. ....................................25
ЖАСАЛМА БАХЫТТАН НӘР АЛҒАН ЯРЫМ. ....................................29
ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЛАРЫ. ....................................31
КЕШИКПЕСПЕН. ....................................3
БИРИНШИ БАХЫТ. ....................................6
ЕТИКСЕҢ. ....................................11
ҲӘЗИЛ. ....................................12
БҮЛБИЛ. ....................................16
ЕРКЕКЛЕРГЕ МӘСЛӘҲӘТ. ....................................18
ӨТКИНШИ. ....................................22
ДИЙҚАНСАҢ. ....................................25
ҚОҒАМ ЖАП. ....................................29
ШҮКИР. ....................................31
АНАЖАН. ....................................12
КЕТКЕННЕН КЕЙИН. ....................................16
ҒАРРЫ БОЛҒЫМ... ....................................12
ЕЛАТСАҢ. ....................................16
ЖАНЫМ. ....................................18
ҚАРҒА АРЫЗ. ....................................22
ТАЙСАЛМА ЖОРА. ....................................25
БАЖАМА. ....................................29
ҚАТЫҚ ИШ ЖОРА. ....................................31
СУМ ТҮЛКИ. ....................................3

www.ziyouz.com kutubxonasi

ОШАҚ ТУРМЫСЫ. ......................................................................6
АҢҚАЎ ШОРТАН. ..................................................................11
ҮЙЛЕНГИШ ВОЛГА. ..............................................................12
ҲӨКТЕМ ХАН. .......................................................................16
АРЫСЛАННЫҢ СЫНАҒЫ. ...................................................18
ҚУЛАҚСЫЗ БАЛА. ...............................................................22

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӘБДИҚАДИР ҚАЙЫПОВ

# ШҮКИРЛИК

(Қосықлар)

Қарақалпақ тилинде
«Qaraqalpaqstan» баспасы
Нөкис - 2015

Редактор Мәтибай Бердиев
Оператор Ербол Альжанов

Оригинал-макеттен басыўға рухсат етилген ўақты 06.04.2015.
Қағаз форматы 60x84$^{1}/_{16}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы - «Times». Көлеми 5,00 б/т., 4,65 шәртли б/т., 4,17 есап б/т.
Жәми 1000 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа ¹ B-20

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен баспа хызмети менен шуғылланыў ушын 2018-жыл 30-сентябрьде A1-114 лицензиясы берилген.**

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

«FARMA PRINT NUKUS» JSHJ типографиясында басылды.
Мәнзил: Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 62-жай.

www.ziyouz.com kutubxonasi



**Қайыпов Әбдиқадир Жақсыбаевич 1963-жылы Қанлыкөл районы аймағында дүньяға келди.**

**Мийнет жолын қурылысшы, соң шофёрлық пенен баслап, 1987—2000-жыллары аўылындағы 8-санлы мектепте оқытыўшы, директор орынбасары, 15-санлы мектепте директор, ҚМУ да декан орынбасары болып, билимлендириў тараўында жемисли жумыс иследи. 2000—2006-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Дене-тәрбия хәм спорт бойынша мәмлекетлик комитетинде бөлим баслығы, баслық орынбасары, «Қарақалпақстан спорты», «Қарақалпақстан аўылы» газеталарының бас редакторы лаўазымларында иследи. 2006-жылдан Қарақалпақстан Ескек есиў федерациясының директоры болып ислеп келмекте.**

**Ол «Жоражан», «Дәслепки саўға», «Тири жетим», «Қарақалпақ бокси», «Бабалар ескегине садық мектеп» атамасындағы китаплары кең жәмийетшиликке танылып үлгерген қәлем ийеси.**

**2002-жылдан Өзбекистан жазыўшылар аўқамының ағзасы, еки мәрте «Ең жақсы спорт журналисти» номинациясының жеңимпазы. «Ветеран спортшылар ҳаққында ең жақсы публицистикалық шығарма» ушын жәрияланған республикалық таңлаўдың 1-орын ийеси.**

ISBN 978-9943-981-28-7

**«QARAQALPAQSTAN»**

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӘБДИҚАДИР ҚАЙЫПОВ

# ШҮКИРЛИК

www.ziyouz.com kutubxonasi